Mweya Inonyengera

Mangwanani, shamwari. Ndinofara kuve pano mangwanani ano, uye ndichiziva kuti kukuonai mose kunze kuno, ndichitenda kuti Ishe vanesu nhasi, vachitipa kamumvuri kaduku, kuti mutabhanakeri muno musanyanyopisa pashumiro yemangwanani ano. Uye zvino isu . . .

2 Ndinotenda, pane vana here . . . Vana vatobuditswa here kuenda mumakirasi avo, Hama Neville? Ndaona tumwe tumachinda tuduku, zvino handina kuziva kuti vabuditswa here mumakirasi vachidzokera munzvimbo dzavo—dzavo, kuenda mukamuri yavo yeSunday school.

3 Zvino, ndinamatireiwo. Ndine sarudzo huru yandaifanira kuita manheru apfuura, zvino ndinofanira kuiita nhasi. Zvino chechi ngainamate. Ndine—ndine musangano uri kutevera pamberi, uri chaipo pamuganhu weIron Curtain muGermany, zvino saka zvakati omei. Zvino ndinamatireiwo. Uye saka, kuti, tinogona kutotanga ikozvino munhandare huru yecriket muGermany, iyo yakagadzirwa naHitler hondo isati yatanga, inzvimbo huru yakanaka, munogara zviuru zvevanhu makumi masere. Zvino tinogona kuiwana kweusiku gumi, hwakatevedzana. Zvino tiri kutarisira kutanga ikoko izvozvi, zvino neuko kuLa Salle Lorraine, France, tevere, zvadaro kuBerlin, todzoka zvakare . . . ndinoreva, Berlin iri pakati pacho ne—neFrance.

4 Zvadaro tinodzoka, kana Ishe vachida, kukonivhenisheni muChicago. Inotanga, ndinofunga, musi weshanu, nhanhatu, nomwe, sere, uye nepfumbamwe, uye ndicho chikamu changu ndiri muChicago, pakonivesheni pa—pachechi yeSwedish. Uye zvino pane, VaBoze, vamwe venyu vanobva nekuChicago, vane konivhenisheni iri kubva pane ino ichitevera . . . ichitanga zuva rokutanga raNyamavhuvhu, kana zuva rokutanga raGunyana, iri, muSweden. Zvino ndinofara kwazvo kuziva kuti vakandivhotera, kuti ndiuyeko, zvaive zvepasi rose uye pasina anopokana. Ndakafara nazvo, asi ndinofanira kuendako kana zasi kuno zvino. Namatai kuti Ishe vanditungamirire iko kwacho chaiko kune mweya yakawanda inozoponeswa, uye kuti zvakanyatsonakisa zviitirwe kuHumambo hwaMwari. Zvino, vane konivhenisheni kumusoro uko, ne—neivo vari muSweden, zvino vati tichava nezviuru makumi maviri nezvishanu, makumi matatu nezvishanu zvavanhu vatichatanga navo, pakonivhenisheni, uye vazhinji vacho vanhu vasina kuponeswa.

5 Zvakare zasi kuno muGermany, zvino, vane nhandare inogara vanhu zviuru makumi masere. Nokuti, isu, muSwitzerland kwatichangobva, takave nemusangano

wakaisvonakisa ikoko, uye vazhinji venyu pamwe hamusati mazvinzwa nazvino. Ishe vakatiropafadza zvikuru, takave nevakatendeuka zviuru makumi mashanu pahusiku hushanu, ku—ku—kuZurich, Switzerland.

6 Zvino saka, Hama Jack Shuler, vazhinji venyu munovaziva, ivo muMethodisti, mukomana wemutana Bob Shuler. Vari muBelfast iko zvino, uye—uye vari kuti ivo vari kuita kuti nzvimbo yacho ishanduke kwazvo, ikoko, nokuda kweEvhangeri, uye kutopfuura izvo Billy Graham akaita mumusangano wake. Jack muchinda wechidiki akanaka kwazvo, akazara neshungu uye nerudo. Zvino iye—iye akanyatsoperera mazviri kusvikira ndave kutenda kuti muranda waShe mukuru. Uye namatirai Hama Shuler. Uye—uye ndiJack Shuler, zvino Jack MacArthur zvakare ari pamwe chete naye. Hama Jack MacArthur muparidzi mukuru, zvakare. Zvino ikoko pane varume vechechi vakati rwange rwuri rumutsiriro rwukurusa rwati rwamborova Ireland. Saka isu tiri . . . Toenda pamunamato mazuva ose pamusoro pe—pamusoro pevarume ivavo. Vose vari vaviri varume vechidiki, vari pasi, anenge makumi mana, ndinodaira kudaro, kana pasi, mhuri nezvakadaro, uye vadzidzisi vakanaka vakasimba veEvhangeri, uye tinovada.

7 Uye zvino, ndi—ndinonamata kuti musandikanganwe, kuti—kuti Mwari vaite kuti ndiite sarudzo kwayo iye zvino. Pane dzimwe nguva dzokuti hauzive kuti wotora nzira ipi. Makambosvikawo here munzvimbo dzakadaro? Ndinotenda kuti Pauro akambosvika panzvimbo yakadaro imwe nguva, haana here? Pakange pari pakati penzira mbiri. Zvino paaive oenda ikoko, handiti, akaona ngirozi muchiratidzo yakamuudza, "Huya kuno kuMasedhonia." Saka Ishe vachine Ngirozi yaVo, Havana here? Dai ndaikwanisa kungozvininipisa mumoyo mangu pamusoro pazvo sezvaive Pauro.

8 Uye zvino, nhasi manheru, rangarirai shumiro dzeEvhangeri pano patabhanakeri, munhu wose auye. Imi vari munharaunda yeLouisville, ndichange ndichitaura kuChurch of the Open Door, nhasi manheru, kwemaawa akati kuti, nguva dzaseven-thirty kusvikira nine-thirty, kweHama Cauble. Ndainge ndichauya kaviri pano. Uye zvino ivo murume akanaka zvikuru, zvino ndokundifonera. Zvino Hama Cauble, murume kwaye chaiye, hama. Imi, ndine chokwadi kuti munozivana, hama yakanaka kwazvo, zvino handina kukwanisa kuvarambira zvakadaro. Namatai. Pamusoro pezvose, namatai, uye namatai kuti Mwari vatipe isu sa—sarudzo chaiyo yokutora.

9 Zvino, tisati tatanga Mharidzo yeEvhangeri, tine mangwanani atichafanira kukumikidza vana vaduku. Uye ndine kamunhu kaduku pano kekukumikidzawo, zvakare, kunaShe. Zvino, nguva dzakawanda mumachechi akawanda . . .

Muri kunyatsonzwa zvakanaka here, kumashure-shure uko? Kana muchigona, zviri sei? Mafeni aya pano, ndinongori, haukwanise kuzvinzwa pachako. Kwete, iyo, zvakanaka. Ndinotya kuti ndinoparara kana isipo.

10 Saka va—vana vaduku, dzimwe nguva vanovasasa mvura, muchechi, pavanenge vachiri tusvava tuduku. Zvino, ndizvozvo, izvozvo zvakabva muchechi yeKatorike, pakuombeka vana vaduku, kana "kubhabhatidza" sokudaidza kwavanovaita vachingori vana vaduku. Chechi yeMethodisti yakazviunza, zverubhabhatidzo rwevacheche, nevakawanda, ndinofunga nevamwezve vakawandawo. Ndinofunga ndiwo mutsauko pakati pemaNazarene nemaMethodisti akare, ndirwo rubhabhatidzo rwetusvava, uye netumapoka twakakwachuka nevamwe vakadaro. Asi, ingava nzira ipi, hazvina, handifunge kuti zvine basa zvakanyanya. Nokuti, zvisinei, ndinofunga Karivhari yakatopedza nyaya yacho, ipapo chaipo, kune vese, ndizvozvo, nokuti Jesu wakafira ipapo kuti aponese vana vadiki pamwe nokuponesa nyika.

11 Zvino kamwana kaduku, hazvina basa kuti kangave nemubereki akadii, mutadzi zvakadini, hazvina mutsauko wazvinoita, nokuti Ropa raJesu Kristu rinomuchenesa, maona, uye iri ndiro Gwayana raMwari rinobvisa chivi chenyika. Mwana uyu haagone kutendeuka. Haazive kuti angatendeuka seyi. Haana pfungwa dzokuti sei ari pano, ega. Haagone kukuudza kuti seyi ari pano. Asi Mwari akamutuma pano, zvino Ropa raJesu Kristu rinomuchenesa nguva iyo yaanouya panyika. Zvino kutozoti asvika pazera rokuti ava kuzvidairira ega, ipapo anoziva chakanaka nechakaipa, zvino zvaachazoita anofanira kuzotendeuka pamusoro pezvaanoziva kuti akakanganisa. Ndizvozvo chaizvo. Saka, vamwe vavo vanovasasa mvura, vachifunga kuti havaende Kudenga.

12 Zvino pane dzidziso yokuti kana kamwana kakazvarwa nevabereki vakazadzwa neMweya Mutsvene, saka, mwana iyeye anoenda Kudenga; asi, kana zvisirizvo, hapachisina zvake, mwana uyu zvatopera. Ndokukanganisa kwakanyatsokwana. Zvine mutsauko upi zvekuti vabereki vane Mweya Mutsvene? Zvese chishuwo chepabonde, uye mwana anongozvarwa nenzira imwe chete. Saka, zvese "kuberekwa muchivi, kuumbwa mukusarurama, kuuya munyika tichitaura nhema." Izvozvo, ndizvo zvinorehwa neMagwaro.

13 Saka, zvino ipapo Ropa raJesu Kristu rinochenesa uye rinoita yananiso kumwana uyu. Kana akafa, anonyatsoenda zvakakwana chaimo muHupo hwaMwari, kana ainge akazvarwa nevabereki vane zvivi zvakanyanyisa panyika, kusvikira ava pazera rekukwanisa kuzvidairira apo oziva chakanaka nechakaipa. Zvino zvaanozoita, kubva ipapo, anofanirwa kuregererwa pazviri. Anofanira kukumbira

kutendeuka kwake kubvira ipapo zvichienda mberi. Asi kana kachiri kacheche . . .

14 Zvino, inzira yatinoedza kutevera, pano patabhanakeri. Ndiyo nzvimbo yega pasi rose kwandinoenda, pandinoparidza Dzidziso, ipo pano patabhanakeri, nokuti ino ndiyo chechi yedu. Zvino tinoparidza Dzidziso pano kuti vanhu vagare mumutsara. Vamwe varume, mumachechi avo, vanoparidza chero zvavanotenda. Uye ivo ihama dzangu, uye tinogona kupesana zvishoma, asi tichingori hama kunyange zvakadaro. Zvino, asi pano mutabhanakeri, tinoparidza zvatinofunga kuti iDzidziso yeMagwaro. Zvino, imomo, tinoona kukumikidzwa kwevana, zvatinodaidza kuti kukumikidza, nguva bedzi muBhaibheri yatinogona kuona, kana apo muTestamende Itsva apo vana vadiki vakambova nechimwe chinhu chokuita, kana kuti Kristu apo paakange ane chekuita mazviri mumhemberero, kwaive, Akavatora mumaoko Ake uye ndokuisa maoko aKe pamusoro pavo ndokuvaropafadza, ndokuti, "Regai vana vaduku vauye kwaNdiri. Musavadzivise, nokuti Humambo hwaMwari ndehwevakadai."

15 Zvino, takasiiwa, sokunzwisisa kwedu, kuti tienderere mberi nekuita basa raAkauya kuzo—kuzozadzikisa. Rufu rwaKe paKarivhari, Akange anesu zvino iYe ndokuenda achibva . . . akabva muna Mwari, ndokuuya panyika, ndokudzokerazve achibva kuna Mwari, kana kuti kubva panyika achienda muna Mwari, uye ndokuuya zvakare muchimiro cheMweya Mutsvene, zvino ave nesu, matiri, kusvikira kumagumo enyika, achiita muChechi yaKe basa rimwe chete raAkaita paAkange ari pano panyika. Zvino, nokudaro, tinotora vana vedu mumwe kune mumwe, kune vashumiri, ivo vovanamatira, voisa maoko avo pamusoro pavo vovakumikidza kuna Mwari. Ingori mhemberero duku yokutaura kuti tinokoshesa zvatakaitirwa naMwari pamwe nevana vaduku.

16 Zvino, kana mudiki wenyu akasaswa mvura, kana ingave ipi nzira iri kuchechi kwenyu, fungai. Isu hatitaure kana chinhu chimwe chete chinopesana nazvo. Zvakanaka hazvo. Asi, paMagwaro, tinongoona nzvimbo imwe chete, ndipo apo Jesu paakavaropafadza, pachaKe. Izvozvo ndichaverenga, kana Ishe vachida, mu—muShoko pano. Tinoona kuti, muna Mutsvene Ruka mu . . . ndinotenda kuti chi—chitsauko 10, uye tichitanga nendima 13.

> *Zvino vakauya nevana vaduku kwaari, kuti iye* avabate*: asi vadzidzi vake* vakatsiura avo vakange vauya navo.
>
> *Zvino Jesu akati azviona, akatsamwa,* uye *akati kwavari, Regai vana vaduku vauye kwandiri,* uye *musavadzivise: nokuti hushe hwaMwari ndehwevakadai.*

Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, Ani nani asingagamuchire hushe hwaMwari somwana muduku, haangatongopindi mahuri.

Ipapo akavafungatira mumaoko ake, zvino *ndokuisa maoko ake pamusoro pavo,* uye *akavaropafadza.*

17 Zvakanaka izvi? Iye akati, "Zvino, regai vana vadiki vauye kwaNdiri. Musavarambidze, nokuti kune vakadai, vakaita semwana mudiki uyo, Humambo hwaMwari ndehwavo." Zvino iYe akavatora mumaoko aKe akavaropafadza.

18 Zvino, tingazvide sei, mangwanani ano, kuti tive naJesu agere, pauzima, pano papuratifomu, toti, "Ishe, haMungaropafadzawo here mwana wangu?" O, chingave chi . . . kune maziso edu evanhu nemoyo yedu zvinoshuvira kuona izvozvo. Asi iYe ari pano, zvakadaro, nokuti Akatipa rairo yokuti tizviite. Zvino, sezvataita, naiYe anozvicherechedza. Tinogamuchira avo vaAkatumira, tinogamuchira iYe akamutuma, munoona. Saka, iYe ari pano mangwanani ano. Zvino kana Hanzvadzi Gertie vakauya kuno uku kupiyano voridza chimbo chedu chekare chataimboimba kare-kare, ichi, "Vaunzei mukati, unzai vadiki kuna Jesu." Ndinotenda chiri mubhuku umo pane imwe nzvimbo. Handina chokwadi. "Unzai avo vadiki kuna Jesu." Saka kana une mucheche, mucheche mudiki asati akumikidzwa, zvino uchida kukakumikidza mangwanani ano, saka, tingafara kuzviita.

19 Zvino kune vashumiri here muchivakwa muno, vaparidzi vangade kuuya vofamba kuno uye vomira nesu pano apo patinenge tichikumikidza vana kuna Ishe? Tingafara kuve nemi, apo muchiuya. Zvakanakai, chiri mubhuku here iro? Machiwana here, Hama Neville? Hachimo imomo. Zvakanakai, vangani vanochiziva, *Vaunzei Mukati?* Zvakanaka, ngatichiimbei zvino. Munhu wese pamwe chete, apo anamai vachiunza vacheche vavo. Zvakanaka. Zvakanaka.

. . . navo mukati, vaunzei mukati,
Vaunzei mukati kubva kuminda yezvivi;
Vaunzei mukati, vaunzei mukati,
Unzai avo vari kudzungaira kuna Jesu.

Vaunzei mukati, vaunzei mukati,
Vaunzei mukati kubva kuminda yezvivi;
Vaunzei mukati, vaunzei mukati,
Unzai avo vaduku kuna Jesu.

20 Ngatikotamise misoro yedu kwekanguvana. Baba vedu veKudenga, pakamira vakakomberedza artari mangwanani ano pamire vanamai nanababa vakabata vana vavo vadiki mumaoko avo, avo vaMakapa kwavari nenyasha. Vari kutenda kwazvo nokuda kwavo, Ishe, zvino vari kuvaunza kuno paartari mangwanani ano, muimba yaMwari, kuzovakumikidza, kupa hupenyu hwavo kwaMuri. Ndimi makapa. Uye

tinonamata, Mwari, kuti iMi muchariritira nokuropafadza mumwe nomumwe wavo. Vatungamirirei, zvino dai Ngirozi dzinochengetedza dzaMwari dzatarira pane mumwe nomumwe wavo. Vapei hupenyu hurefu hwemufaro pamwe nokufara. Ngavakure kuve varume nemadzimai vaMwari, vamangwana, kana pane remangwana.

21 Mwari, tinonamata kuti Musimudze vaparidzi nevaporofita nevadzidzisi kubva muboka revacheche ava vakapoteredza artari mangwanani ano. Zvino kana takwegura tisisakwanise kuenderera mberi, mumwe munhu anofanira kutibvisa pane imwe nzvimbo kuenda kune imwe, tinoda dai takwanisa kuzomira uye tichinzwa Evhangeri ichiparidzwa neava vari pano nhasi. Zviitei, Ishe. Zvino nerimwe remazuva rakabwinyiswa kana zvose zvapera, hupenyu hwedu hwapera, vabereki ava vakapoteredza artari, ngatiitei saJakobho wekare apo paakaropafadza vana vake vose akavaudza kuti magumo avo aizovei muzuva rokupedzisira. Zvino achitarisa kumusoro, akati, "Munoziva, ndichazounganidzwa pamwe nevanhu vangu." Zvino rimwe remazuva rakabwinyiswa, iye nevana vake vose, vachazounganidzwa mune nyika iri nani. Ndosaka Bharamu akati, "Regai magumo angu okupedzisira ave seake." Mwari, ndinonamata kuti iMi mupe maropafadzo aya pamusoro pevabereki.

22 Uye zvino zvatave kuenda kunoisa maoko pamusoro pavo, zvi—zvinoshamisa . . . Zvino zvakaninipa zvakadini iMi zvamakazviita, Ishe, kuti isu vanhu vepanyika pano tive nemukana wekuropafadza vana vadiki muZita reNyu, tichiziva izvi, kuti, izvo zvatinokumbira, tinozvipiwa. Apo tinoenda kunovaropafadza, dai Jesu, uyo Munhu asingaoneki chose, iYe samasimba amire pedyo ogoropafadza mwana mumwe nemumwe apo patinoisa maoko pamusoro pavo tichivapira kwaAri. Nokuti tinozvikumbira nemuZita raKe. Ameni.

23 Hama Glenn Funk, vane vana vavo vatatu vari kuzokumikidzwa kuna Ishe.

[Chibenga patepi. Hama Branham vanokumikidza vana—Mupepeti.]

. . . ka—kakamuri kaduku, uko kure kunyika yekumusoro, iMi makavimbisa mwana uyu kwandiri. Baba, maropafadzo eNyu ngaazororе paari.

Joseph, mukomana wangu, ndinokupa iwe kuna Mwari. Zvino dai hupenyu wako hwave chiropafadzo. Dai wave muporofita, Joseph. Dai nyasha dzaMwari dzazororа pauri. Dai Mwari wababa vako, Ishe Jesu Kristu, arambe achikuropafadza, woita kuti hupenyu wako huve chiropafadzo kune vamwe.

NemuZita raJesu Kristu, ndinomuropafadza. Ameni.

[Chibenga patepi. Hama Branham vanokumikidza vana—Mupepeti.]

24 Munoda vana vadiki? Pane chimwe chinhu pane vadiki ava zvekuti amai voga-voga vanoda kuti mwana wavo aropafadzwe.

Zvino, zvimwe chetezvo zviri Baba vedu voKudenga kwatiri isu vakura mangwanani ano. Vanoda kuti mumwe nomumwe wedu aropafadzwe. Anotiunza pamberi pechimwe chinhu, obva angochitambidza kwatiri, sokunge kuti, "Hezvo, ndinoda kuti iwe uropafadzwe, mwana waNgu." Haashamise iYe here? Saka tinokwanisa kuyemura Baba voKudenga vane mutsa vakadaro.

25 Zvino, mumaropafadzo evana vaduku, munoziva, ndakanga ndichiverenga pano muMagwaro rimwe zuva, pamwewo nechekuno, makanga muri muTestamende Yakare, iri, chinhu chikuru icho ini—ini chandainyatsokoshesa zvirokwazvo kuti ndiverenge. Hechinoi ichi, ipo pano. "Zvino Natanaeri akati kuna Dhavhidhi, 'Ita zvose zviri mumoyo wako, nokuti Mwari vanewe.'" Maona? Ita zviri mumoyo mako. Zvino nguva zhinji nda—ndakaona izvi, shamwari Mukristu, kuti ndakataura zvinhu ndisingazive kuti ndiri kuti chii, zvino ndotozoona kuti zvinotozoitika. Zvaunotaura!

26 Zvakanzi imwe nguva, Jesu akadzika kubva mugomo zvino iYe ndokubva aona muti wakanga usina chinhu pauri, aingova mashizha oga, zvino pakange pasina muchero, zvino iYe ndokuti, "Hapana munhu achadya kubva pauri kubvira zvino."

27 Zvino zuva raitevera, achipfuura nepo, vaapostora vakaona mashizha akasvava. Iye ndokuti, "Tarirai kuti muti wasvava nokukurumidza."

28 Jesu akati, "Ivai nokutenda muna Mwari; nokuti pane chinhu chipi chamunoshuwira, kana mukanamata, tendai kuti machiwana uye muchazochiwana. Uye chero zvipi zvamunotaura, muchawana izvo zvamunenge mataura." Fungai pamusoro pazvo. O! Uye pamwe nhasi, Mweya Mutsvene mukuru waMwari, akamira pano paartari, iwe woti... Zvakanaka, hazvifanirwe kunge zvakashongedzwa. Haifanirwe kunge iri imwe nzvimbo huru yakaisvonaka kwazvo.

29 Jakobho imwe nguva akatora dombo ndokutsamisa musoro wake pariri, zvino nanhasi richiri kungocherechedzwa seDombo reHumambo. Kana, Dombo reHumambo, iro dombo richiri kungotakurwa kwese nevarume vakuru venyika, kuti madzimambo agadzwe ari pamusoro pedombo iri, ringori dombowo zvaro rakare rigere mumunda.

Bheteri yaingova murwi wematombo aive akaiswa rimwe pamusoro perimwe, zvino yakazova imba yaMwari, nzvimbo yehugaro. Jakobho akati, "Iyi ndiyo bedzi nzvimbo yeimba yaMwari." Ungori murwi wematombo aive akagara rimwe pamusoro perimwe.

30 Hazvitore zvinhu zvikuru zvakakwenenzverwa. Zvinotora hunyoro nokutenda kuzvitenda, ndizvo zvazvinotora. Ndizvo zvinoita kuti zviite.

31 Zvino, tichiziva kuti nguva nokukasika inopera, tichaedza kusakubatai kwenguva ndefu, tichiziva kuti kuri kupisa uye muchechi makamanikidzana. Saka ndichataura nemi kwenguva shoma mangwanani ano, pamusoro pechidzidzo chiduku pano chinogona . . . Ndinovimba kuti chichakubatsirai. Zvino ini, ndisati ndabva kumba, ndanyora pasi zvinhu zvitatu kana zvina zviduku. Ndati, "Ndichamira ndoona kuti Ishe vanoda kuti nditaure chii pandichadzika ikoko." Ndanyora zvinhu zvinenge zvitanhatu zviduku zasi pano apa, zvidzidzo zvidiki, zvino ndanyora chimwe chete, ndokuchiisa muhomwe yangu sezvizvi. Ndafunga, "Saka, kana ndikasvika papurupiti zvichida iYe achandiudza chimwe chokutaura pamusoro pacho." Iye zvino ndingori kure chaizvo sezvandanga ndiri kumusoro uko. Saka, zvisinei, ndichaverenga Gwaro pano, Ishe vatibatsire kuti isu tiRinzwisise. Chitsauko 14 chaMutsvene Ruka, uye ngatitangirei tingati pamakumi matatu- . . . ndima 31 yechitsauko 14 yaMutsvene Ruka.

> *Kana ndoupiko mambo, kana achienda kundorwa nomumwe mambo, usingatange kugara pasi* kutanga, obvunza *kana* achikwanisa *une vanhu zviuru zvine gumi angagona kundosangana neanouya kuzorwa naye ane vanhu vane zviuru zvina makumi maviri?*
>
> *Kana asingagone, achiri iye* kana . . . *iye achiri kure-*kure*, anotuma nhume, kunokumbira mashoko orugare.*
>
> *Saka saizvozvowo, ani nani kwamuri . . .*

32 Ndinoda kuti mucherechedze nepedyo. Zvino, kutanga iYe akati . . . Uyu mufananidzo. Iye akati, "Zvino, pana mambo ari kuuya, uye ane zviuru makumi maviri emauto; zvino mambo *uyu* achanosangana naye, angori nezviuru gumi zvemauto. Saka zvino, kutanga, anogara pasi obvunza kana akagadzirira, kuti anogona kuzviita here kana kwete." Zvakanaka.

> *. . . ani nani kwamuri asingasiye zvose zvaanazvo, haangave mudzidzi wangu.* (Maona?)

33 Zvino dai Ishe vawedzera maropafadzo aVo pane Shoko iri. Zvino ngatikotamisei misoro yedu kwekanguvana.

34 Baba vedu voKudenga, iMi ndiMi munoziva zvinhu zvose, uye hamucherechedze chimiro chemunhu, nokuti munhu chinyi kuti iMi mumurangarire? Makasika munhu, uye akangoita seruva remumunda: nhasi uno ane runako, mangwana ave kuchekerwa pasi, oiswa mahovhoni, obva angosvava zvakadaro. Zvino ndinonamata kwaMuri, Mwari, kuti muve netsitsi kwatiri nhasi kuti mumwe nomumwe wedu azvinzvere nhasi. Tiri muno semuimba yekugadziriswa. Tiri pano kuzodzidza nokuziva kuti tinorarama sei, zvino ngazviuye zvichibva muShoko reNyu nhasi, O Mwari wemunaZiendanakuenda. Vana veNyu vazhinji vaungana muno, uye vazhinji vavo vanga vari vana veNyu kwemakore akawanda, asi, saizvozvo, tose tinodzoka muimba

yaMwari, kuzodzidza, kuti tizive. Zvino ini, muranda weNyu, ndinoshuwira kuti ndizive zvakawanda pamusoro peNyu. Zvino ndinonamata kuti iMi muunze kufemera kweEvhangeri pamusoro pedu tose, pamusoro pemuranda weNyu, uye kuti Hupo hweNyu, muchitifemera isu muchivakwa chino, huve hukuru kwazvo nhasi, kuti tigobva, mumoyo yedu, tichishuwira kuve varanda veNyu vari nani, kuti zvizova nepundutso kuva kwedu pano. O Mwari wetsitsi, tipei maropafadzo aya nemuZita raJesu, Mwanakomana weNyu. Ameni.

35 Zvino dai Ishe vawedzera maropafadzo aVo paShoko apo tiri kuverenga. Ndinoda kutora musoro wenyaya mangwanani ano, kuti, "Mweya inonyengera kana Shoko raMwari?" Zvino, chidzidzo chinoita sokukatyamadza, asi nokuti tiri mutabhanakeri . . . Uye Chitatu chapfuura manheru . . . Svondo yapfuura mangwanani ndaitaura pamusoro peka—kajubheri kaduku keEvhangeri.

36 Zvino Chitatu chapfuura manheru ndaiparidza pamusoro pemudzimai aive nechi—chishongo pamusoro pake, kana chi . . . Akarasa rimwe remakobiri ake, zvino aive achitsvaira imba achiedza kuriwana murume wake asati auya. Zvino takaona kuti mudzimai uyu aive mudzimai wedzinyika dzekumabvazuva, uye iye . . . uye achimiririra Kereke. Zvino mhete yemuchato yaisapfekwa mumunwe. Yaipfekwa yakatenderedza musoro, ine masirivheri mapfumbamwe mairi. Zvino kana mudzimai ave chipfeve, vaibvisa rimwe remasiriveri vobva varatidza kuti ave chipfeve. Saka mudzimai uyu aive arasikirwa nerimwe rawo, asiri chipfeve. Asi murume wake ainge asipo, zvino aiedza kuchimbidza kuti ariwane, kuti aridzosere muchishongo chake, nokuti murume wake akauya aizoziva kuti akabatwa ari muhupfeve, zvino zvaitoreva kuputsika kwemusha nezvimwe zvakadaro. Zvino ndakazvifananidzira kwenguva shoma nechechi, yakarasikirwa nezvinhu zvizhinji zvikuru. Zvino yave nguva yokuti Baba vave kuuya, saka tinofanira kuzvivhima zvose. Zvino, tichiziva kuti mukereke, uye mutabhenakeri medu . . .

37 Zvino ndi—ndinoda kutaura pamusoro pe*Mweya Inonyengera*, chaizvo pachokwadi inofanirwa kunzi *Zvemadhimoni*. Munonzwa zvakawanda nezvamadhimoni, emazuva ano, asi munonzwa zvishoma pamusoro pekuti rinobviswa seyi. Isu tose tino—tinonyatsoziva kuti kune madhimoni, asi, chinhu chinotevera ndechichi, kuti unobvisa seyi chinhu ichi. Uye zvino pane . . . Tiine, nenyasha dzaMwari, mukana mukuru wokushanda nezvinhu izvi zvinonzi madhimoni, uye ndichisangana nawo papuratifomu nemukufamba kwemazuva ose, zvino, saka, ndinoda kutarisa muRugwaro mangwanani ano kuti tione kuti zvinhu izvi zvii.

38 Zvino, takazvishandisa mushumiro dzokupodza varwere, nguva dzose kudivi rezvokupodza. Kenza, bundu, tsanga

yemuziso, TB, zvinhu zvese izvi hazvizi zvinhu zvinobatika, ndezvemweya uye ari madhimoni. Gwaro rinozvisimbisa pachena. Asi aya madhimoni munyama, nezvinokura, sekenza, ine hupenyu mairi, zvino hupenyu hwacho ndiro dhimoni. Kukura kwetsanga, kuparariira kwe TB, nezvimwe zvirwere, madhimoni. Ari muchinhanho chepanyama.

39 Zvino, mangwanani ano tinoda kutaura—kutaura pamusoro pemadhimoni muchinhanho chemweya ari mumunhu wemukati. Ari mumunhu wemukati sezvaari mumutumbi. Zvino tinofanirwa kubvuma kuti tinoaona mumitumbi yevanhu, sekenza ne—nehosha dzakasiyana-siyana dziri mumutumbi wemunhu.

40 Zvino uno, kenza yakatotaurwa kuti chirwere chemuchiyero chechina, kuti iri mune chimwe chiyero. Chokwadi, ndezvemadhimoni. Chirwere chese chirwere chemuchiyero chechina, kutanga kwacho.

41 Iye zvino, asi zvino kenza mumutumbi kana kenza iri mumunhu wemukati, dhimoni rinogona kuuya mune imwe yenzvimbo idzi. Zvino, pane nguva zhinji uye nevanhu vakawanda vane pfungwa dzakanaka dzokuti. . . uye vanhu vakanaka vanoedza nguva dzakawanda ku—kuzorora pane kadzidziso kaduku kebhaibheri kavainako, kana chimwe chinhu chavakadzidziswa kubva vachiri vaduku, asi vozozviona zvakare kuti mukati mavo, zasi mumunhu wavo wemukati, kuti vachine chimwe chinhu chisina kumira zvakanaka. Imi, vakawanda vari pano mangwanani ano, hatipokane chero paunoona maKristu akaungana pamwe chete, munotoona vanhu vane mweya yakadaro mavari, kuti ivo. . . Hazvimbodiwi. Havatombozvida. Ivo vanoti, "O, dai ndangogona kusiya kunyepa! Dai ndangogona kusiya kuchiva! Dai ndangogona kusiya *ichi* ne*chocho*!" Zvino, ndiwo madhimoni. Uye, zvino, anouya ari muchimiro chezvinamato, nguva zhinji. (Nokuti iSunday school, inguva yekudzidzisa, saka regai titarise izvi.) Zvino, anouya ari muchimiro chezvinamato, nguva zhinji.

42 Zvino, muRugwaro, paivepo, nemurume aive nezita rokuti Jehoshafati, murume mukuru, murume munamati. Zvino akaenda kune mumwe mambo aive mambo we—weIsraeri. Zvino iye, Jehoshafati, aive ari mambo weJudha. Zvino akaenda zasi kuna Ahabhu, mambo weIsraeri, uye vose vakabatana pamwe chete, vakaita mubatanidzwa pachavo, kuti vaende kunorwa paRamoti Giriadhi. Zvino vakazviita vasina kutanga vanamata.

43 O, dai vanhu vaingocherechedza! Ndosaka ndauya mangwanani ano ndikakukumbirai kuti mundirangarire apo ndichaenda mhiri kwemakungwa. Muzvinhu zvose, namatai!

Mumwe akauya pane rimwe zuva akati, "Hama Branham, munofunga kuti zvakaipa here kuita chimwe chinhu?"

44 Ini ndikati, “Ko sei une mubvunzo nazvo?” Maona? Kana pane mubvunzo mupfungwa dzako, zvisiye zvakadaro, usambozviita zvachose. Ingogara naizvozvo. Kana watanga kuita chimwe chinhu, zvino kana pane mubvunzo kuti chakanaka here kana kwete, garira kune nazvo. Usapinde mazviri zvachose, zvino unozoziva kuti uri mugwara.

45 Zvino, zvinhu zvose zvinofanira kufungisiswa wanamata, kutanga. “Tsvakai Humambo waMwari kutanga uye nokururama kwaKe, zvino zvimwe zvinhu zvose zvichazowedzerwa.” Ndine chokwadi chemazvirokwazvo mangwanani ano, kuti varume nevakadzi vakangopinda munzvimbo yokuti munhu wavo wemukati, kufunga kwavo, maonero avo, zvinenge zvakarurama pamberi paMwari, ndiyo inova imwe yemachechi ane simba gurusa akambovapo.

46 Tarirai kwenguva shoma pane zvepanyama. Zvino, tiri, tine, nguva dzakawanda, tave kwemakore, tine chatinodaidza kuti “chifumuro chemanyepo.” Unogona kuchiisa paruoko rwako, choiswa chakachinjika musoro wavo—wavo, zvino unogona kupinda imomo uye woedza nokukwanisa kwako kwese kuita kuti nhema inzwike kunge chokwadi, inobva yaratidza zvinopesana nguva dzose, nokuti munhu haana kugadzirirwa kunyepa. Kunyepa chinhu chine hunyengeri, chakaoma, chinhu chakaipa. Ndingade zvangu kunge ndine chidhakwa, zuva ripi zvaro, pane munyepi. Maona? Munyepi! Zvino muviri wako hauna kugadzirwa kuti unyepe. Hazvina basa kuti uri mutadzi zvakadini, uchingori mwana waMwari akawa. Munhu mutadzi mukurusa muguta rino nhasi, Mwari havana kumboda kuti unge uri mutadzi. Vaida kuti uve mwanakomana kana mwanasikana waVo. Wakagadzirwa sekugadzirwa kwaVo pachaVo. Asi chivi chakaita kuti uve unodaro. Zvino kunyange ukaedza seyi kutevedzera nokuita kuti manyepo aite kunge chokwadi, vave nemuchina wezvesainzi unoratidza kuti handizvo. Unogona kuzvitaura nokurevesa kwose kwaungade, asi unonoratidza kuti handizvo; nokuti kune hana yemukati pakadzika mumunhu, zvino hana yemukati inoziva kuti chokwadi ndechipi. Zvino hazvina basa kuti uri kurevei kunze kuno, hana yemukati inoziva kuti inhema, zvino inozoratidza zvichibva muhana yemukati.

47 Saka, kana murume kana mukadzi vakaita kuti pfungwa dzavo, nechapupu chavo uye nehupenyu hwavo hunyatsonangana naMwari (ameni) kusvikira gwara reMweya Mutsvene rinenge ranyatsove chinhu chimwe naMwari, chii chinozoitika! Kana murume nemukadzi vakanyatsoswatuka, apo nekusununguka kubva mumoyo wavo, nokutenda kunobva mukati-kati!

48 Vanhu vazhinji vanouya kuartari kuzonamatirwa, vane kutenda kwenjere. Vanoreurura zvivi zvavo vojoinha imwe chechi, nekutenda kwepfungwa. Ivo vanozvitenda mu—mupfungwa dzavo. Vanozvitenda nokuti vakazvinzwa.

Vanozvitenda nokuti vanoziva kuti maitiro akanakisa. Asi handizvo zvinotariswa naMwari. Haatarise pakutenda kwako kwenjere.

49 Anotarisa pamoyo, apo mukati Mwari . . . Zvino kana zvichibva mumoyo, zvinhu zvose zvinokwanisika zvino. Kupupura kwako kunosangana nohupenyu hwako. Hupenyu wako hunotaura neruzha sezvinoitwa nokupupura kwako.

50 Asi kana kupupura kwako kuchitaura chimwe chinhu, uye hupenyu hwako worarama zvimwewo, pane chakatsveyama pane imwe nzvimbo. Nemhaka yokuti une kutenda kwenjere, kwete kutenda kunobva pamoyo. Uye zvinoratidza kuti kunze, *kuno,* pane ruzivo rwaMwari; asi mukati, *umu*, mune dhimoni riri kupokana. "Ndinotenda mukupodza kwaMwari, asi hazvizi zvangu." Maona? "Ah, zvinogona kudaro, asi ini handizvitendi." Mazvibata? Kunze, unoti "hongu"; mukati, hana yako inoti "kwete." Icho chinhu chiya chesainzi chimwe chete chinoratidza kuti zvanga zvisirizvo, chozviratidza.

51 Cherechedzai paya madzimambo aya, vasati vatanga kubuda, vaifanirwa kunge . . . Jehoshafati asati atombobatana pamwe chete naAhabu, aifanirwa kutanga ati, "Ngatinamatei isu kuti tione kuti kuda kwaShe ndokupi."

52 Ndipei muparidzi, ndipei Mukristu, ndipei mudzimai wepamba ari Mukristu, ndipei murimi, kana munhu anoshanda mufakitori, anoisa Mwari pekutanga pazvinhu zvose, ndichakuratidzai munhu achabudirira zvisinei kuti dhiyabhore anoisa chii pamberi pake. Iye anotsvaga Mwari, kutanga. Tinofanirwa kuva kutanga . . .

53 Asi ivo havana kuzviita. Ivo vaive vose vakangodzimaidzwa nokuti Ahabhu aive nohumambo hukuru hwaibwinya, uyezve aive aita zvinhu zvizhinji, uye aive nezvinhu zvakanaka zvikuru, ndarama yake nesirivheri yake, aive murume mukuru, akabudirira, asi asiri mutendi.

54 Zvino ndipo pane nyika nhasi. Ndipo pamire America nhasi. Ndipo pakamira machechi nhasi. Takavaka machechi akanakisisa ati ambovakwa. Tava nevamwe vevadzidzi vakatsetseka kwazo vatisati takambova navo. Takadzidzisa imwe yedzidzo yebhaibheri yakanakisisa, nezvakadaro, tikadzidza kuimba kunge Ngirozi, asi zvakadaro pane hutera pane imwe nzvimbo. Pane hutera, nokuti vakabuda vachitevera dzidziso yevanhu uye nemweya inonyengera, pane kuuya vachidzokera kuShoko raMwari. Vanoedza kuti zvinhu zvifanane nenyika. Vakaedza kuisa zviyedza zvinopenya pamusoro payo, seHollywood.

55 Pano rimwe zuva, rimwe sangano rine mukurumbira, remaFull Gospel muKansas City, kana kuti, ndine urombo, muDenver, pakonivenisheni, vari kuvaka chechi yemadhora miriyoni. Zvino zviuru zvemamishinari zvichimirira masenzi

makumi mashanu kubva kusangano rimwe chete irori, kuti vaendese Evhangeri kune vahedheni. Zvatinoda nhasi rumutsiriro rwune pfungwa yechimishinari, rwakatumwa naMwari, rwakaberekwa neMweya Mutsvene, rwunenge rwuine shungu dzaMwari, kubuda vachienda kumasango ari mhiri uko zvino moitira Mwari chimwe chinhu, pane kuvaka mahombe, machechi akanaka uye vachiedza kuita zvinodarika nekure zviri muvakidzani.

56 Ndingasva hangu ndanamata ndiri mumisheni, umo makanyatsotsvairwa, kana mubhawa, asi ndine kusununguka kweMweya Mutsvene pamwe nerudo rwaMwari rwuchipfuta mumoyo, pane kugara muzichechi gurusa ratiinaro panyika pose uye takatsimbirirwa pasi nedzidziso dzevanhu nezvitendwa. Isu tinoda nhasi rumutsiriro rwunozunguza, kudzokera kuZvokwadi, kudzokera kuShoko raMwari zvakare.

57 Zvino, pavakaenda ikoko, uye makange mave mushure mechinguva Jehoshafati akazoita sokuti pepukei ndokuti, "Hapana . . . Saka, ngatibvunzei Ishe pamusoro peizvi."

58 Iye akati, "Zvakanaka," Ahabhu akadaro, iye ndokubva atumira ikoko ndokuwana zana, mazana mana evaparidzi vakadzidziswa zvakanaka. Zvino ndokuvaunza kumusoro ikoko uye ndokuti, "Vose ava vanoporofita."

59 Zvino vakaenda mukushopera kwavo, vakatanga kudaidzira. Zvino ivo vakati, "Hongu, endai zvenyu kumusoro norugare. Ishe vanemi."

60 Zvino mushure mokunge vose mazana mana vapedza kupa chapupu chokuti vaende zvavo norugare, asi Jehoshafati achiziva . . . Muri kuzvibata here? Munoona, pakadzika mukati mehana yemurume wakarurama uyu pane chimwe chinhu chakamuudza kuti pane chisina kumira zvakanaka pamwe panhu. Chimwe chinhu chaive chakatsveyama.

61 Ahabhu akati, "Zvino tine mazana mana pano, uye muhumwe, mumwe nemumwe wavo ari kuti, 'Endai, Ishe vanemi.'"

Asi Jehoshafati akati, "Hamuna mumwezve here?"

62 Iye akati, "Saka, tinodirei mumwezve, shure tawana mazana mana evarume vakadzidza zvakanyanya munyika? Vese vari kuti 'Endai!'" Zvaive zviri zvepfungwa. Asi pakadzika mumoyo waJehoshafati akaziva kuti pane chakatsveyama. Zvino, iye akati, "Tine mumwe zvakare, anonzi Mikaya. Asi ndakamuvenga." Akati, "Anongogara achitaura chimwe chinhu chakaipa, achingoropoka paanenge asina kukodzera, uye ari kudzikisira machechi uye nezvimwewo." Akati, "Ini ndakamuvenga."

Akati, "Endai, kunomutora, uye tigoona kuti anoti chii."

63 Zvino Mikaya paakauya, iye akati . . . Ivo vakati, "Zvino, tarira, iwe taura zvimwe chete sezvataurwa nevamwe vese ava."

64 Iye akati, iye akati, "Ndichango . . ." Hezvinoi izvi. "Ndichangotaura zvinenge zvataurwa naMwari." Ameni. "Hazvina basa kuti muporofita wako anoti kudii, uye kuti *uyu* anoti kudii, uye kuti chechi yako inotii, uye kuti ivo vanoti kudii. Ini ndichataura zvinotaurwa naMwari. Mwari vakaisa pamuromo wangu zvino ndichataura sokutaura kwaVo." Zvatinoda nhasi uno ndezvevamwezve vana Mikaya vanongotaura zvinotaurwa naMwari. Cherechedzai, saka vakamuunza kumusoro ikoko, uye iye akati, "Ndipei manheru anhasi." Saka husiku ihwohwo Ishe vakasangana naye, zvino iye akadzoka mangwanani akatevera. Apo madzimambo maviri vagere pagedhi, iye akati, "Endai kumusoro." Akati, "Endai kumusoro. Asi," akati, "Ndaona Israeri semakwai akapararira asina mufudzi."

65 Saka mumwe muparidzi uyu, akanyatsopfeka zvakanaka, akafamba mberi ndokumurova pamuromo, uye ndokuti, "Mweya waMwari waenda nekupi apo Iwo pawabva mandiri?"

Akati, "Uchazviona kana wadzoka." Hongu.

66 Iye akati, "Teerera pano!" Iye akati, "Isu tiri varanda vaMwari. Isu tiri mazana mana, iwe ungori mumwe chete."

67 Asi Mikaya akati, "Ndichakuudza kuti dambudziko rako riri papi." Ameni! Akati, "Ndakaona chiratidzo." Ameni! Iye akati, "Zvino ndakaona Mwari vagere pachigaro chaVo. Ndikaona hondo yoKudenga imire yakaVapoteredza. Uye tinoziva kuti Shoko raMwari rakataura zvituko pamusoro pemurume uyu, nokuda kwezvaakaita."

68 Haukwanise kuropafadza zvatukwa naMwari, kanawo dhiyabhore haakwanise kutuka zvakaropafadzwa naMwari. Inyaya yedungamunhu, hazvina basa kuti uri murombo zvakadii kana kuti wakazungaira zvakadii, hauna kufunda zvakadii, hauna kudzidza zvakadii. Chakaropafadzwa naMwari chatoropafadzwa. Chatukwa naMwari chatotukwa. Ziva kupatsanura zvakanaka nezvakaipa.

69 Mikaya aiziva kwazvo uye zvakanaka kuti akange asiri Ishe akange aine vaparidzi ava. Saka, chii chakange chichinetsa nevaparidzi ava? Cherechedzai kuti vakaiteyi. Vakange vakapfeka zvakanakisisa. Vakange vapiwa chikafu chakanakisisa. Vakange vakauya pamwe chete mumapati avo nezvakadaro, nomubatanidzwa yavo, kusvikira apo vakange vasvika pokuti vaingoziva bedzi zvedzidzo yavo yezvokunamata. Zvino Bhaibheri rakataura kuti Mikaya, paaive akatarisa chiratidzo, akati, "Mwari vakati, 'Ndiani watingawane kuti adzike zasi uko anonyengera Ahabhu?' Zvino mweya wekunyepa wakati, 'Ndichaenda zasi uko ndononyengera

Ahabhu kubudikidza nevaparidzi avo, kukonzera kuti Ahabhu aende kunze uko, kuitira kuti Shoko raMwari rizadzikiswe.'"

70 Zvino, nhasi vanhu vazhinji vari kuteerera . . . (Zvino, Sunday school, ndinoida.) Tarisai, vanhu vazhinji vari kuterera kumweya yokunyengera pane kuti vatore Shoko raMwari. Mweya, irimo munyika. Iwo madhimoni. Zvino anopinda munzvimbo uye opinda pakati pevarume, vashumiri. Anopinda pakati penhengo dzechechi. Uye anopinda pakati pevanhu vakanaka. Okonzera kuti vapinde pakutaura. Uye vanotaura zvinhu, nokuita zvinhu, nokudzidzisa zvinhu, uye vopinda mukuita zvinhu, izvo zvinopesana neShoko raMwari. Nhasi, vashumiri veungano dzavo vari kubvumidza vanhu vavo kuti vatambe makasa mumachechi, vakawanda vavo. Zvino, havasi chete maKatorike, pane maProtestanti mazhinji vanozviita.

71 Zvavakaedza kuita kutsivanisa nechimwe chinhu. Vakaedza kutora rimwe zano idzva. Vakaedza kutora dzidzo, kuti zvitore nzvimbo yeMweya Mutsvene. Haumbokwanisa kuzviita, hazvina basa kuti munhu wenyu akadzidza seyi. Ndinofunga kuti chinhu chakanaka kuti ange akadzidza. Asi kana asina Mweya Mutsvene pamwe nako, kudzidza kwake hakumuitire zvakanaka. Kudzidza hakumbokwanisa kutora nzvimbo yokutungamirira kweMweya Mutsvene. Ameni.

72 Cherechedzai, ivo, panzvimbo yeIzvi, vakaedza kutora kubatana chishanu panzvimbo yechiitiko chenguva dzekare chataimbove nacho. Nhasi kereke yave yechimanjemanje. Vanofamba kumberi vopihwa rutsigiro, uye ndiyo nzira yavave kuita nayo. Asi hazvimbofa zvakatora nzvimbo yebhenji rakare paichemerwa apo vatadzi vaidanidzira vachigadzirisana naMwari. Ndizvo chaizvo.

73 Nhasi vari kuedza kutora nzvimbo yechegumi chaMwari. Vari kuedza kutora zvimwewo. Vari kuedza kuzviita kuti zvisiyane. Ivo vanodzika uye voita mitambo yemabunco mumachechi, votamba rotari. Rotari haizombofa yakatora nzvimbo yechegumi chaMwari. Svusvuro dzemanheru, kutengesa magumbeze, mapikiniki, kutsvaga mari yokuti vabhadhare zvikwereti zvakasiyana-siyana, hazvimbofa zvakatora nzvimbo yechegumi chaMwari Chisingagume pamwe nemupiro. Hazvigone kuzviita. Asi zvakadaro tiri kuedza kuzviita.

74 Chiiko ichi? Mweya inonyengera iri kudzika, ichiedza ku- . . . kutsiva chimwe chinhu panzvimbo yeShoko raMwari. Mwari havana chinotsiva Shoko raVo. Rinogara munaZiendanakuenda uye nokusingaperi. Mwari havana chimwe chinotsiva kutenda. Kutenda hakuna chinokutsiva. Tariro haimbofa yakatora nzvimbo yokutenda. Kutenda kuri kwoga. Kunomira kwoga. Hakumbofa kwakatora ku . . . Tariro haife yakatora nzvimbo yako. Tariro rubatso rwezvinhu zvinotarisirwa, humbowo

hwezvinhu zvisati zvaonekwa, kana kuti kutenda ndiko, waro. Maona? Tariro chimwe chinhu; kutenda chimwewo. Tariro inochitarisira; kutenda kunacho. Chimwe kutenda kwepfungwa; uye chimwe chacho chizaruro chakananga chaMwari. Haikwanise kutora nzvimbo yekutenda. Tiri kuedza, asi tiri kungoita zvose izvi zvinotsivanisa.

75 Tiri kuedza kuvaka machechi makuru pane kuti titumire mamishinari. Chimwe chinotsiva. Jesu haana kana kumbogadza ani zvake kuti avake chechi. Hazvina kana kumbogadzwa muBhaibheri. Takavaka maseminari, vakaita kuti izvozvo zvitore nzvimbo yechimishinari. Isu . . . Jesu haana kumbotiudza kuti tivake seminari. Akanaka zvawo. Dzidzo, kuedza kuti iyo itore nzvimbo yacho. Haimbogoni kuzviita. Kuraira kwaJesu kwaive kwekuti "endai kunyika yose munoparidza Evhangeri kune zvisikwa zvose," kuitira nguva yokuguma. Saka zvose zvinotsiva zvatinazvo hazvigone kutora nzvimbo yechechokwadi.

76 Rimwe zuva ndakave nechiitiko, chimwe chinotsivanisa. Ndakave nokurwadziwa nezino kwekutanga, vakatozodzura zino racho. Mangwanani ano ndine zino rokunyepera riri ipapo. Ndiri kutotadza kutaura. Harimbofi rakatora nzvimbo yerechokwadi. Kwete, changamire! O, ini zvangu!

77 Unogona kutora munhu womupfekedza, womugadzira nemuti, choko, kana chero zvaungade kuita, wonyatsomugadzirisa zvakanaka kwazvo. Haana manzwiro, haana hana. Haambofa akatora nzvimbo yemunhu chaiye. Uyewo kana kutendeuka kwenhema kwekufamba uchiti, "Ndajoinha chechi. Ndichaedza kuita zviri nani." Hazvimbofa zvakatora nzvimbo yekutendeuka kwakare kwechokwadi, kwakatumwa naMwari, kweMweya-Mutsvene kunoita kuti munhu ange akasiyana mumoyo make. Hakugone kuzviita, nokuti hapana Hupenyu makuri. Hapana chinogona kumupa Hupenyu.

78 Pano munguva ichangoti pfuurei ndakaona muvezi mukuru akauya neichi, muvezi, ndinoreva, akagadzira mufananidzo uyu waMosesi. Handikwanise kudana zita rake iko zvino. Iye muvezi wechiGiriki. Zvakamutorera hupenyu hwake. Zvino paakanga achisvitsa pokuti iye akafunga kuti chaive chakwana, achibva afadzwa kwazvo nechimupunzo chaMosesi, saka akachirova paibvi pacho, achibva ati, "Taura, Mosesi!" Chairatidzika kuve chechokwadi kwazvo! Chakanyatsogadzirwa zvakanyatsokwana kusvikira chairatidzika kwazvo kunge Mosesi, mupfungwa yake, zvokuti akarova nesando kuti chive nemanzwiro.

79 Zvinoisa chechi mupfungwa. Hazvina basa kuti matsivanisa zvakadii, kuti munowana ungano yakakura sei, kuti munoimba zvakanaka seyi nziyo dzenyu, kuti ungano yenyu inopfeka

zvakanaka zvakadii, kuti mune zvakadini zve*ichi*, *icho*, kana kuti *chimwewo*, chaunogona kurova, kunzwa, kana chii zvacho. Hachife chakatora nzvimbo yeHupenyu, kusvikira Kristu auya zasi muchimiro cheMweya Mutsvene, muchechi iyoyo, uye oipa chiitiko chitsva chokuberekwa patsva. Hazvife zvakatora nzvimbo yeShoko raMwari. Shoko raMwari rinomira riri roga.

80 Mikaya aive neShoko. Iye aiziva kuti akange ane Shoko. Aive neShoko rakanyorwa, aive naRo zvakare nechiratidzo. Aiziva zvaive zvataurwa naMwari muShoko raVo. Iye aiziva zvaive zvataurwa naMwari nechiratidzo. Zvose zviri zviviri zvakauya pamwe chete. Akaziva kuti chaive Chokwadi, saka akange asingatye.

81 Asi mweya unonyengera uyu, tarisai zvawaita, nhasi. Kuita nhengo dzechechi dzakawanda, kuita nhengo dzechechi dziri nani, yakarerutsa pane kudzidzisa kwese kwakare kweMweya Mutsvene. Yakatendera varume kuti vave nemapati ekuwadzana mumwe nomumwe, kunze uko munzvimbo yepasi pechivakwa apo vanenge vachitamba mitambo. Izvozvo hazvigone kutsiva imba yepamusoro, uko kwavainamatira Mweya Mutsvene. Yakatendera vakadzi kuti vaungane pamwe chete vachitaura zvinosekesa nezvimwe, voita zvemangamanga zvakawanda zvisina betsero pazviri. Hazvigone kutora nzvimbo yemusangano wekunamata. Vakadzi, nzira yavanobuda nayo kunze uye nemapfekero anhasi, zvi—zvinonyadzisa.

82 Ndakanzwa zvakataurwa neHama Neville, vakati, "Vanhu vemuAmerica vanonzwisa urombo," vakati, "vakatumira mbatya dzavo dzose mhiri kwemakungwa." Ndizvozvo chaizvo. Vari kufamba-famba vakapfeka mbatya dzavo dzomukati. Vano . . . Ndizvozvo chaizvo. Vanofanira kunge vakadzipa mamishinari, nokuti mamishinari . . . Vanhu nemahedheni vari mune dzimwe nyika vari kudzipfeka. Vanhu ava vari kugona kurarama vasinadzo, zvinoratidza sokunge vanozvifarira.

83 Ndichakuudzai, pane chimwe chinhu chatsveyamiswa, uye ndiko kuparidzwa kweEvhangeri yaTenzi Jesu Kristu. Madhimoni anokubvisisai mbatya. Hapana kumbova kunze kwemunhu mumwe chete muBhaibheri akakurura mbatya dzake kubva paari, akange ari murume aive akagarwa nemadhimoni. Zvino ari kuuya ari muchimiro chakareruka nhasi, kunge anowadzana, kunge iye akanaka, kunge zvose zvakanaka. "Mamiriro ekunze ari kuti tonhorerei, uye zvinoita kuti uwedzere kunzwa kutonhorerwa ukangobvisa mbatya dzako." Varume vachikwira nokudzika muruvanze, vasina kunyatsopfeka, nevakadzi vakadarowo zvakare. Handiti, mava kusvika pakadaro pokuti hapachisina ruremekedzo kunge serwaivepo paimbwa, mumwe kune mumwe. Chii chiri kunetsa? Handizi kuedza kukurwadzisai. Ndiri kuedza kuti ndikuudzei kuti kugarwa nemadhimoni, uye muri kuteerera kune mweya inonyengera iri kukuudzai, "zvakanaka izvo," asi inhema.

84 Tsanga yegorosi inongobereka gorosi. Kana uri Mukristu, hauite zvakadaro. Haugone kuzviita. Hautongokwanisi kuzviita. Iwe une kutenda kwepfungwa zvino woti, "Hama Branham, ndinotenda Bhaibheri." Hupenyu hwako hunoratidza kuti hautende. Ameni. Mweya inonyengera ichipesana neShoko raMwari.

85 Iye aiziva paaive amire, Mikaya aiziva. Akange ane Shoko raMwari. Aive munhu asingafarirwe kwazvo. Hapana aimuda nokuti aitaura Chokwadi, kunyange vaida vaparidzi ava.

86 Zvino, chimwe chinhu chatora nzvimbo. Ndinotenda nekufunga kuti murume wese ane chiitiko naMwari, kana mukadzi, anofanirwa kuzomboita tumanyawi tuduku. Ini ndinozvitenda. Ndizvozvo chaizvo. Asi munoziva chii? Vakatora manyawi pazvimbo yerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Vanongowana ruzha rwakawanda, asi hapana chirimo. Chingorarama zvine utsvene sekurarama kwaunoita uchiita ruzha, zvino ipapo unenge uchiita zvakanaka. Manyawi zvirokwazvo akanaka; "kuekisesaiza muviri kunobatsira zvishoma." Asi mweya inonyengera yakapinda pakati pevanhu veboka revehutsvene, zvino yakavaita kuti vangozorora pakuti "nokuti vanogona kudaidzira" kana kuti "nokuti vanogona kutamba, nokuti vanogona kuita manyawi."

87 Mutana uya wakare zasi uko, mukuru wevaporofita vose, vaparidzi, akange aine chokwadi chokuti iye akaita zvakanaka, zvokuti akazvigadzirira nyanga mbiri ndokutamba achitenderera, achibva aita nyonganyonga yakatokura. Akanga ari kuzosairira hondo yevaAsiria kunze kwenyika. Asi yaive nhema! Shoko raMwari raive rataura zvakasiyana. Ameni. Munoona, unogona kuita manyawi zvakanaka, kana uine mafambiro akanaka shure kwawo, manyawi emhando kwawo achifambisa manyawi ako.

88 Dhavhidhi akatamba pamberi paIshe, mudzimai wake akamuseka. Zvino Mwari ndokutarisa pasi kubva Kudenga, vakati, "Dhavhidhi, uri murume ari Chaipo pamoyo waNgu." Asi chinangwa chake chaive chakanaka. Hupenyu hwake hwaive hwakanaka, shure kwahwo.

89 Saka, nokuda kwekuti tinogona kuita manyawi, hazvireve kuti takaponeswa. Nokuti tinoenda kuchechi, hazvireve kuti takaponeswa. Usatenda mweya iyoyo inonyengera. Mweya chaiwo waMwari, Shoko chairo raMwari, ndicho Chokwadi chaMwari; inova Mbeu yaMwari, rinoburitsa Mwari muhupenyu hwako; kuve nehumwari, kururama, hutsvene.

90 Pakati pevanhu vakawanda tinoona manyawi, nezvakadaro, ipapo panova nokutaura-taura nemakuhwa, nedzimwe mhando dzose dzezvinhu zvisina humwari. Hama, ndiyo chepfu muchechi. Isimba remadhimoni. Mweya yevarume nevakadzi inopinda pakati pavo, voedza kusundira uko, voti, "*Izvi*

hazvisirizvo, uye *izvi* hazvisirizvo, uye *izvo* hazvizirizvo." Kana ukazozvironda uchidzika, kapfumbamwe kubva mugumi ndiye munhu mumwe chete iyeye ari kukonzera nyonganyonga, asiri kuita zvakanaka. Ameni. Mwari havadi nyonganyonga pakati pehama. Ivai nokuremekedza, ivai vatsvene, idai Mwari, mirai naYe. Zvino chero bedzi uchiziva kuti hupenyu hwako huri kuenderana neBhaibheri, une moyo wakachena, pfungwa dzakachena, rudo kune hama yako, uchiedza sokukwanisa kwako kusumudzira Humambo hwaMwari, uye uchiita zvinhu izvozvo, uchipfeka zvakanaka, uchirarama zvakanaka, uchitaura zvakanaka, uchienda kunzvimbo dzakanaka, zvino unogona kuve nemanyawi ose aunoda, uye munhu wose anozvitenda.

91 Jesu akati, "Muri munyu wenyika. Zvino munyu kana wadurungunda, zvino hapana zvauchabatsira, unoraswa panze wotsikwa pasi netsoka dzevanhu." Kana ungori munyu bedzi, hazvina kunaka. Asi kana une kakurunga mauri, iwe iva nekuvavira kwemunyu nyika inozove nenyota. Iwe chivavira semunyu, ivo vachave nenyota. O, ini zvangu!

92 Mweya inonyengera ichifamba, madhimoni ari pasi pehunyengeri. Tarisai, tiri muzuva rokupedzisira. Tiri munguva yokuguma. Nyika yave kuda kusvika pamagumo ayo, semota rakazvimba pane imwe nzvimbo rinenge roda kuputika rimwe remazuva ano zvino chomukati chosvetuka kubva mariri. Zvave netsvina. Hapana kana mushonga unogona kuzvipodza. Vakaramba mu—mushonga. Vakaramba kurapwa. Ukatora mota riri kukura apo, kana ukasatora penicillin kana chimwe chinhu kuti zviribvise, kana chimwe chakadaro, rinoramba richikura kusvikira raputika.

93 Ndizvo zvaitwa nenyika. Yakatanga, kwete kare, ichiregedzera. Vachibva vaenda vane pfungwa yakakura, mweya yenhema ndokupinda mukati zvino ndokutanga kuudza vanhu *izvi*, *izvo,* kana *nezvozvo*. Zvino takapamuka tichiva masangano mazana mapfumbamwe neanoraudzira akasiyana-siyana, rimwe nerimwe riine maonero akasiyana. Vanoti ivo, "Tinotenda *izvi*, tamirira pano! Ndizvo bedzi zvatinotenda." Havagone kurega Mweya Mutsvene uchipinda imomo. Havakwanise kuwana mukana. Mwari vane boka revanhu vanokwanisa kudaidzira, zvino munhu wose aive odaidzira. Vane vamwe vanogona kutaura nendimi, zvino munhu wese aitofanira kutaura nendimi. Vane zvose izvi zvakadai, kusvikira zvave (chii?) zvashatiswa zvirokwazvo nemweya inonyengera, ichinyengera vanhu kuti vaite manyawi aya ipo pasina kana Mwari mazviri zvachose. Zvino vanobuda kunze vorarama chero mhando yohupenyu hwavanoda kurarama, uye vozviti "Chikristu."

94 Zvino nyika inogara yotarisa pazviri, yoti, "Nhai, tarisai uko! Ndakangonaka sezvavariwo."

95 Sezvandakataura humwe husiku pamusoro penguruve, pamusoro pemutadzi. Haugone kupomera . . . Mutadzi angori mutadzi. Usaedza kumushandura kuti aite kwazvo. Usaedza kumuudza *ichi*, *icho*, kana *nechocho*. Iye mutadzi, kubvira pakutanga. Iye inguruve, kubvira pakutanga. Iye haamboziva mutsauko. Akenda kumabhaisikopo, uye oenda musi weSvondo, uye oenda kumitambo yebhora, zvino oita zvinhu zvose izvi, angori mutadzi, kubvira pakutanga. Hunhu hwake hwakafanana nehochi. Hochi yekare inoisa mhino yayo pasi mumurwi wemanyowa zvino yobva yadya tsanga dzose kubva ipapo, uye nezvimwe zvose; zvino, nokuti, iyo ihochi. Haugone kuipomera. Iyo ihochi. Ndizvo zvimwe chete nevatadzi. Asi ukaenda wozviti muKristu, uye woisa mhino yako imomo pamwe chete nayo, zvino haumbori nani pana iye, asi, wakatodarika kuipa. Budai kubva pakati pazvo. Siyana nayo nyika. Siya. Tendera Mwari. Siya.

96 Ko unozviregedza seiko? Vanhu vazhinji vari kushamisika nhasi, vachiti, "Saka, Hama Branham, ko unozviregedza sei?" Ndinoziva kuti makanzwa zvedzidzo yekunamata yakawanda pamusoro pazvo, "ingorega." Vanhu vazhinji vanongoshanda zvokudikitira, vachiedza kuregedza. Vanhu vazhinji vanouya kuno zvino voti, "Ndanga ndiri kuzoenda pamutsanyo wemazuva makumi mana kuti ndikwanise kuita chimwe chinhu." Haumbodi kutsanya kwemazuva makumi mana. Unofanirwa kungoregedza nyika nezinhu zvose izvi zvemadhimoni, zvino wotora Shoko raMwari mumoyo mako. Unofanira kudzidziswa kuti unozviita sei. Hauzviite nekusvetuka uchikwira nekudzika, kana kuzviita nomutsanyo wemazuva makumi mana. Unozviita nomoyo wakazvipira kuna Mwari Samasimba.

97 Sokamwana kaduku. Ndacherechedza kacheche kangu kaduku shure uko, amai vake vachiedza kukaisa bhachi rako diki pakari, mangwanani ano. Iye anga achiedza kuisa ruoko rwake muruoko rwacho. Iye atadza kuisa ruoko rwake imomo; iye haagone kuzviita. Unotofanira kutungamirira karuoko kake kaduku. Anoda kuisa ruoko rwake imomo, asi anga achingorovanisa kwose-kwose. Iye haambosviki kuruoko rwacho. Anoziva kuti haamo muruoko.

98 Zvino saizvozvo unoziva kuti hauna kumira zvakanaka kunaMwari, kana iwe uchiri kuita makuhwa, kunyepa, uchiita zvose. Haukwanise kunge wakanaka kunaMwari, handina basa kuti uri nhengo yemachechi mangani, kusvikira munhu wako wemukati atendeuka. Hama, ndizvo zvechinyakare, asi ndizvo zvichanyatsofanza zvoisa muto mumunhu wako wemukati. Ndizvozvo!

99 Kuyedza kuisa ruoko rwake mukati, anofanirwa kunge ane mumwe munhu anomutungamirira mukati, kuti angaise sei

ruoko mukati. Zvino kana aisa ruoko rwake mukabhachi kake kadiki, anoziva kuti zvaringana naye.

100 Ndizvo zvazviri neMukristu wese akaberekwa patsva. Kana anyatsopinda muna Mwari, anotarisa hupenyu hwake neShoko raMwari zvino ocherechedza kuti akanyatsonangana nezvose zvaRiri. Ane moyo murefu, hunyoro, kunyarara, kunyorova, simba, kutenda, rudo, mufaro, rugare. Iye haangopeperetswa kwese-kwese kunge gungwa riri kubvongodzwa. Iye haangonetsekana pamusoro pechinhu chose chiduku. Iye haangotomuka *apa* ne*apo*, kunge chivharo chebhodhoro chiri panyanza ine mhepo yakawanda. Iye akadzikama. Moyo wake wakachena. Mifungo yake yakachena. Zvinangwa zvake zvakarurama. Zvimwe zvake zvaangada zvakarurama. Uye anoziva kuti anofambirana neShoko raMwari. Gehena rose harigone kumuzungunutsa. Anofambirana neShoko raMwari. Ane rudo rwaMwari, akachena mumoyo make, kune murume nomukadzi wose. Iye ane . . . Iye akazvibvisa kubva kune zvinhu zvomunyika, zvakafa kwaari; haachazvida zvakare. Zvokuti, haugone kuita kuti musikana akazadzwa noMweya-Mutsvene apfeke hanzu dzinotaridzika zvisina humwari uye ongobuda kunze ikoko pasina chinangwa. Kwete, changamire.

101 Zvino, hazvina basa rokumboenda uchimuudza kuti akatsveyama, nokuti haambokutenda, nokuti ndizvo zvega zvaanongoziva. Ndiwo mufaro wake. Mukadzi anopfeka twunhu twudiki itwotwo; vanobuda kunze, madekwana, apo varume pavanenge vodzoka kumba; vari kuuya kuti vacheke huswa paruvanze, kuitira kuti . . . Zvino mondiudza kuti izvozvo zvakanaka? Mudzimai, handireve kuti iwe waka—wakaipa. Handireve kuti unorarama zvisina hunhu. Asi iwe hauzive, hanzvadzi, kuti mweya wetsvina wakubata. Ko chii chaunombozviitira? Une pfungwa dzakakwana kuti uzive kuti hakuzi kutonhorera. Kuri kutowedzera kupisa. Pane mweya wetsvina.

102 Iwe unoti, “Ini? Ini, ndakaenda kuchechi!” Nebhukadhinezari akange ari murume mukuru. Asi, nokuti akazvikudza, Mwari vakamupa mweya wenzombe, ndokumuita kuti adye huswa kwemakore manomwe, uye nzara dzake dzikakura kwazvo sezvakaita sedzevamwe vakadzi vemunharaunda muno. Ndizvozvo chaizvo. Zvino akabatwa nemadhimoni.

103 Mumwe murume akabatwa nemadhimoni zvino ndokukurura mbatya dzose. Vakatadza kumupfekedza mbatya. Munoona here zvandinoreva? Mweya inonyengera.

104 Chechi yenyu inozvigamuchira. Muparidzi wenyu anotya kutaura kana chimwe chinhu, anotya kuti hamuzobhadhari chegumi zvachose. Ndicho chikonzero. Ndiro dambudziko. Ini, zvangu ini! Ungaparidza seyi kuboka remagora, kunze

kwekunge wavaita kuti vatendeuke uye vagadzirisa naMwari, kutanga kwacho? Vanoisa mhino dzavo mune zvinhu zvakafa nguva dzose. Zvaunotoda kurasira kunze, zvino rumutsiriro rwakare rwotsvaira kubva kumahombekombe kusvika kumahombekombe, rwoita kuti varume nevakadzi vagadzirisane naMwari. Regera, zvinhu zvenyika! Regera, zvokuparidza zvisina basa zvezinyekenyeke. Ameni. Paridza Evhangeri. Mwari vakataura kudaro. "Kana uchida nyika, kana zvinhu zvemunyika, rudo rwaMwari harwusi mauri zvachose."

105 Vanhu vanongoda kutomuka-tomuka, nokudanidzira husiku hwose, uye vagotaura nendimi kunge kudururira nyemba padehwe remombe rakaoma; vachifamba vachibuda, mangwanani anotevera, vaine hasha dzinogona kurwisa saha repamuchina, wobuda uchinyatsoenda zvino wotaura chimwe chinhu muchechi chinokonzeresa kuti chechi yose ipamuke. Hapana chimwe chinhu kusara kwemweya inonyengera, mweya yemadhimoni! Tinoda kuti tidzokere kuShoko, apo Mwari vakachena, vatsvene. Ameni. Ndizvozvo chaizvo. Mweya yokunyengera ichipesana neShoko raMwari!

106 Pano pane murume, nguva shoma yapfuura, akawana kamukadzi kaduku . . . MaKatorike vane dhazeni ikoko. Munguva yake yokuguma kubereka, zvinobuda mumaoko ake uye nepahuma yake. Kana muparidzi akanaka ane Mweya Mutsvene . . . Ndakafunga. Murume uyu aive nebhodhoro rezvinhu izvi, zvakabuda mumaoko ake, achitenderera achizodza vanhu nazvo. Whew! Ivai netsitsi! Chiantikristu! Handina basa kana ropa rikabva pamunho yomukadzi kana kubva mumusoro make, kana chero kupi, hama, hapana ropa rinogona kutora nzvimbo yaJesu Kristu Mwanakomana waMwari. Ndiro Ropa bedzi randinoziva pamusoro paro. Mudzimai anogona kunge ane mafuta achidururuka kubva mune rumwe ruoko, nehwaini ichibva mune rumwe, asi, kana ukazvishandisa mukunamata kupi zvako, ndidhiyabhore. Kuona vaparidzi vachitsvairwa nezvinhu zvakadaro!

107 Zvatinoda, kudzokera kune Bhuku Rokutungamirira, kudzokera kuShoko raMwari! Iri ndiro Shoko raMwari, Bhaibheri rakare rakaropafadzwa. Woti, "Zvino, ndinotya kuve zvakadaro, Hama Branham. Ndinotya kuti ndinozorasikirwa nemumwe mufaro wangu." Chiiko chanetsa? Iwe hauzive kuti mufaro chii.

108 Ndati handipomere chidhakwa kuti chinobuda kunze chonodhakwa. Iye akapfundumwarwa. Iye haazive. Anomuka, mangwanani, anenge asiri kunzwa kufara, ane bhabharasi. Anobuda onotora mabhodhoro maviri kana matatu edoro, iye obva aenda onozvitorera hwiski, nezvimwe zvinhu zvakadaro.

Muputi mudiki wefodya anogara zvake zvino oputa, zvino ofuridza kubudikidza nemumhino dzake kunge chitima

chinotakura zvinhu. Ndizvozvo chete. Ini handimuwanire mhosva; ndiwo mufaro bedzi waanoziva. Ndizvo chete zvaanongoziva. Iye inguruve, pahunhu.

109 Munonyadzisa imi munozviti Makristu muchivimba nezvinhu zvakadaro kuwana mufaro, apo Evhangeri yeMweya Mutsvene iri iyo imba huru yegwenya romufaro. Evhangeri yeMweya Mutsvene ndiyo chinodhakisa chakakwana chemunhu wose anenge asiri kunzwa kufara. Unotora chokunwa cheEvhangeri yaJesu Kristu, wozadzwa noMweya Mutsvene, unodhakwa kusvikira wazobva panyika ino, ameni, mufaro usingatauriki uye uzere nokubwinya. Panogara nguva dzose pane kutekenyedzwa. Kungori kugara wakadhakwa, kudhakwa masikati neusiku! Ameni. Ndiro Shoko raMwari.

110 Chechi inozouya nepo, yogamuchira chimwe chinhu. Vanofanira kuzova nekapati kaduku apo pavanoenda vose kunze kumahombekombe egungwa, kuti vambonotamba havo. Voita pati yemakasa pavanoungana pamwe chete, kuti vayanane. Ndizvozvo chaizvo. Voita dhanzi, dzimwe nguva, kumba kweimwe nhengo, dzimwe nguva voenda mukamuri yepasi pechechi. Dhanzi, kutora, kuedza kuwana chimwe chinhu kuti chigutse. Chii chanetsa? Iboka guru renguruve, zvakadaro. Inguruve, kubva pakutanga. Dai vakambosangana naKristu, vaiwana mufaro wakawanda kwazvo, zvinhu izvozvo zvinenge zvakafa zvachose, kwavari. Evhangeri, kudhakwa neMweya, mufaro usingataurike uye uzere nekubwinya.

111 Usapomere mutadzi; munzwire tsiti. Murege aende mberi achiputa chikwepa chake, musiye anwe hwahwa hwake, murege ave nepati yake yemakasa. Ndiwo mufaro wake. Musamupomere mhosva. Achidzoka kumba nezvinhu zvose, akaneta uye akaparara, anoda mamwe mafaro. Chinhu chokuti iwe uite ndechekuti iwe urarame hupenyu hwehumwari hwekuti unokwanisa kuratidza kwaari kuti Evhangeri yakabata zvinodarika zvakapetwa zviuru gumi pane izvozvo, kuitira iye. [Chibenga patepi—Mupepeti.] Zvino kana akafa ari muchinhanho chakadaro, anoenda kugehena, nedoro rake. Ndiko kudhakiswa nadhiyabhore. Kana akafa, achidhonza chikwepa ichocho chakare, Mwari ndiye Mutongi wavo. Kana akafa, achibuda kunze uko, kunodhanza, achimhanya-mhanya akapfeka hanzu dzisina hunhu, Mwari ndiye Mutongi wavo.

112 Asi pane chinhu chimwe chete, kana ukafa uri pasi peSimba rinozodza reMweya Mutsvene, sezvakaitwa naStefano apo paakatarisa muchiso chaMwari, akati, "Ndinoona Denga rakavhurika, naJesu akamira ari kuruoko rwerudyi," iwe uri kuenda Kudenga, kunge kashiri kachienda muimba yako. Ameni.

113 Mweya inonyengera ichipikisana neShoko raMwari! Regedzera, regedza. "Ko unozviita seyi, Hama Branham?"

Ingoregedza. Ndizvo chete zvaunofanirwa kuita. Tora Shoko raMwari. Usaedze kuita chimwe chinhu. Usaende paartari wotanga kurova-rova pairi, wodanidzira, "Mwari, ndipei Mweya Mutsvene! Ishe, ndipei Mweya Mutsvene!" Iye haasi kuuya, iwe uchirova paartari. Izvozvo hazvina chakanaka chazvinoita. Kwete. Handiyo nzira yaUnayo nayo. Kuti, kuMutora paShoko raKe!

114 Tarisai kuna Petro. Petro akange ari mudambudziko, zvairatidza kunge akange ari kuzofa. Zvino akaona Ishe vachiuya, vachifamba pamvura. Zvino iye ndokuti, "Ishe, kana muri iMi, itai kuti ndiuye."

Ishe vakati, "Huya zvako."

115 Zvino Petro akati, "Zvino mirai kwekanguvana, Ishe, regai ndimboenda pamutsanyo wemazuva makumi mana, kuti ndione kana ndichigona kufamba pamvura iyo, kana kwete. O Ishe, itai kuti ndiwane Mweya wakakwana pandiri, kuti ndikwanise kutamba Mumweya nekutaura nendimi, muigwa rino, zvadaro ndozobuda kunze"? Kwete, changamire! Iye akangotora Mwari paShoko raVo, kungoregedzera zvino wobva wasiya. Mwari vakaenda naye nzira yose.

116 Ko dai Mwari vakasangana naMosesi, zvino iVo voti, "Mosesi, dzika zasi uko kuEgipita, zvino unoudza Farao, 'Rega vanhu vaNgu vaende'"? Ko dai Mosesi akati, "Regai ndimboenda pamutsanyo wemazuva makumi mana, kutanga, kuti ndione kana ndine kutenda kwakakwana kuti ndiKuteererei, Mwari. Ndipeiwo chimwe chinhu, chimwe chinhu zvakare, Ishe. Regai Ndikuedzei chimwe chinhu, regai ndione kuti ndinogona kupinda muMweya here, kutanga"? Mosesi haana kana kumbobvunza mibvunzo, akangotora Mwari paShoko raVo, achibva aenda. Ndiyo nzira yaunofanira kuita nayo, kutora Mwari paShoko raVo. Ipapo unozoziva kuti unogona kuzozviita. Haana kumirira kusvikira chimwe chinhu chaitika, akangoenda mberi achibva azviita.

117 Ko Eria, paakadzika achibva paMount Carmel, kwaakanga ari nguva ndefu? Zvino akasangana nemukadzi murombo aive shirikadzi. Akange ari . . . Aive mutorwa, weMarudzi. Zvino paakasangana naye zasi ikoko, aive achinhonga tutsotso, ari muruvanze. Zvino Mwari vakamutaurira, "Dzika zasi uko kune imba yeshirikadzi." Inzvimbo yakadii yokuti muparidzi aende!

118 Zvino iye anoenda zasi ikoko kuimba yeshirikadzi. Zvino mudzimai paakadaro, akange ane tsotso mbiri. Akati, "Uri kuitei?"

119 Akati, "Ndiri kunonga tutsotso. Ndingori netuupfu tunokwanira kuti ndiite tumakeke tweupfu tushoma. Ndizvo zvega zvandasarirwa nazvo. Pane makore matatu tisati tawana mvura inonaya." Zvino akati, "Saka ndichanogadzira makeke

eupfu aya. Zvino ini nemwanakomana wangu tichazoadya, tobva tafa."

120 Iye akati, "Tanga wagadzira rangu, kutanga!" Hareruya! O, ndinoziva kuti ndinopenga zvishoma, asi ndiri kurutivi rwaShe, zvisinei. Akati, "Chimbogadzira rangu, kutanga. Nokuti, ZVANZI NAJEHOVHA." Hezvoka izvo.

121 Ko chii ichi? "Tsvakai Humambo hwaMwari kutanga, nekururama kwaKe." Kwete Humambo hwaMwari pamwe "nekaruzha kashoma," kwete Humambo hwaMwari pamwe "netumanyawi tushoma," kwete Humambo hwaMwari pamwe "nezvishoma *izvi* kana *izvo*." Asi, "Mwari, nehutsvene hwaVo, zvino zvimwe zvinhu zvose izvi zvichazowedzerwa pauri." Isa kutanga!

122 Zvino, shirikadzi iya yakanzwa izvozvo. "Kutenda kunouya nokunzwa, kunzwa neShoko." Iye akati, "Iri iShoko raIshe, nokuti uyu munhu waMwari mutsvene. Muporofita waMwari, uye ndinoziva kuti ichokwadi. Uye iShoko raMwari."

123 Zvino, haana kumhanyira kumwe achibvunza vavakidzani kuti ozviita seyi. Akange asingade kuti aende ondogoverana hwake . . . uye ondoudza vavakidzani, oti, "Zvino, imi munofungei? Muparidzi ari uko kumba kwangu, ari kutaura *zvakati*. Susie, unofungei pamusoro *peizvozvi*?"

124 Akapinda mukati, ndokutanga kubuditsa kunze. Akaregedzera. Akaregedzera pane zvaaive anazvo, kuti agone kuwana zvakawanda. Ndizvo zvinodiwa nenyika nhasi uno, kunyatsoregedzera kwakare kwakanaka kweizvo zvaunazvo. Hareruya! Wakabuditsa kunze, kuitira kuti agokwanisa kuzadzwa. Akabuditsa mafuta ose aaive nawo, nemafuta ose aakange ainawo nehupfu hwose hwaaive nahwo, kune muparidzi, kuHumambo hwaMwari. Saka paakabuditsira zvose mukati imomo, Mwari vakadzika pasi, vakazadzisa dende rehupfu, ndokuzadzisa chinu chemafuta. Akazvikuturira zvakare, mundiro yemuparidzi. Zvino Iwo wakauya nepo, ndokuzadza zvakare. Iye akakuturira mukati. Nguva yose yaakabuditsa, iYe akazadzisa.

125 Ini ndichati, nhasi, kana munhu akarasa zvose izvi zvisina maturo zvekungoenderera, nekutevedzera Chikristu, orega Mweya Mutsvene uchitora nzvimbo yaWo, pachave nerumutsiriro rwuchatanga panaEighth naPenn Street rwuchatsvaira nyika yose. Siya zvisina maturo. Dzokera kuShoko raMwari. Buditsa kunze, kuti ugozadzwa. Iwe regera, zvino Mwari achaita kuti zviuye. Buditsa kunze, Mwari vachazadzisa. Zvinhu zvose zvisina maturo, zvekuti, "Unofanira kuita *izvi,* uye unofanira kuita *izvo*; zvino unofanira kuita *izvi* uye unofanira kuita *izvo*." Zvikanganwei! Buditsa kunze kubva mumunhu wako wemukati!

126 Iti, "Mwari, regai ini, kubvira pane izvi zvachose . . . nhasi uno, ndive weNyu zvachose. Ishe, ndinouya nemoyo wakaputsika. Ndinouya nemweya wakapwanyika. Ndinokudai. Munozviziva kuti ndinoKudai. Zvino ndinoda kuti ndikanganwe hupenzi hwose hwezvemitsanyo yemazuva makumi mana iyi uye ndigoona kuti ndingagona here kuswedera pedyo naMwari, nezvose *izvi*, *izvo*, ne*zvozvo*, zvose izvi zvisina maturo."

127 Zviregei izvi! Hapana chiri muShoko chinokutaurira kuti uve nemutsanyo wemazuva makumi mana. Hapana kana. Hapana kana chiri munyika chiri kukuudza kuti utsanye, kunze kwekunge Mwari vakuudza. Ukatsanya, haufe wakaita nzara, nokuenda zvinhu zvose izvi. Paunenge uchitsanya, hama, unenge une mufaro uye uchifara nguva dzose. Akati, "Musazvitaridze kuvanhu sezvinoita vanyengeri, vaine chiso chakareba, chakasuwa. 'Ndiri pamutsanyo wemazuva makumi mana. Hanzu dzangu hadzichandikwana zvakare. Ndarasikirwa nemapaundi makumi matatu, uye vakandiudza kuti ndiri kuzoratidzika zviri nani kana izvi zvapera.'" O, hazvina maturo! Ingori mweya inonyegera yadhiyabhore.

128 Woenda uko kuartari, zvino woti "kubwinya, kubwinya, kubwinya" kusvikira usisakwanise kutaura chimwe chinhu zvakare, uye woti, "Unofanira kutaura nendimi usati wawana Mweya Mutsvene." Hazvina maturo! Zvibuditse panze!

129 Zvibvise kubva pahurongwa hwako zvino uya kuShoko raMwari! Iye akati, "Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu, uye mugobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu kuti muregererwe zvivi zvenyu, uye muchazogamuchira chipo cheMweya Mutsvene." Mwari vakasachengeta Shoko Ravo, iVo havazi Mwari. Ameni. Buditsai kunze. Zadzwai. Ameni. Whew! Ndinozvida izvozvo. Ndiro Shoko raKe. Mwari vakataura kudaro. Ndizvozvo chaizvo. Zvino kana Mwari vakazvitaura, Mwari vachazvichengetedza. Zvakanakai. Kugadzirira kwose kwaunoita, kuenda kuchechi kwose kwaungaite . . .

130 Zvakangofanana nezasi kuno panogadzirwa motokari apo pavanovaka ngoro huru zhinji dzinotakura zvinhu, kana, boka guru rematiroko anotakura vanhu. Ndaisimboshanda ikoko. Zvino vanotora uye vovaka mazitiroko aya mahombe nezvose, zvino voisamo mapuranga akaomarara, mahogani yakarongwa imomo mukati yakatenderedza, uye zvinhu zvose zvakaisvonaka, voimisa ipapo munjanji, inenge yakafa zvekunyatsofa zviya. Hepanoi pamire musoro wechitima, usina chiutsi chemvura mauri. Chakangogara zvacho ipapo.

131 Zvachinoda nhasi moto uri mubhoira. Zvachinoda nhasi chiutsi chemvura. Zvainoda nhasi, kereke, kuti ifashaire; chinhu chinofashaira zvinopisisa kuti chifashaidze chivi kubva muhupenyu hwako, ndirwo rudo. Saka kana musingakwanise kudanana, ko muchazoda sei Mwari Uyo

wamusina kumboona? Rudo runoviga zvivi zvakawanda. Pindai murudo naMwari, zvino munozodanana mumwe nemumwe, zvino muchazoda chechi, muchazofarira Chikonzero, muchazoda zvose zvohumwari, zvino muchagara kure nezvinhu zvemunyika.

132 Mweya inonyengera inoenda kwese-kwese ichiudza vanhu *izvi, izvo,* kana *zvimwewo*, "Vanofanirwa kuita *izvi*. Vanofanirwa kuita *izvo*." Imhaka yokuti masangano akasimuka, uye vane kachizaruro kaduku kavanotaura, "Saka, zvino, ndinotenda kuti munhu . . . ndinotenda muchinhu chakaita sokudanidzira kuri muBhaibheri." Ndizvozvo chaizvo. Ndicho chokwadi. Vakaita sangano kubva mazviri, "Ukadaidzira, watove naWo." Asi imi hamuna.

133 Anotevera ndokusimuka, akati, "Kutaura nendimi." Ndizvo chaizvo. Zviri muBhaibheri. "Saka, kana ukataura nendimi, wave naWo." Asi vazhinji vavo vakataura nendimi uye vasinaWo. Maona? HandiWo. Kwete, changamire.

Vazhinji vavo vakati, "Saka, tinofanira kuporofita."

134 Tarisai vaporofita ava pano vane nyanga mumusoro wavo, vachisvetuka kukwira nokudzika uye vachiporofita. Mikaya akati, "Imi muri, mese zvenyu, kunyepa." Ameni. Ndizvozvo. Mwari havauye saizvozvo. Mwari vanouya kune moyo wakaperera unouya une mweya wakapwanyika, wakatyoka. "Uyo anoenda, achidyara ane misodzi, pasina kupokana achadzokera zvakare achifara, achiunza pamwe chete naye zvisote zvinokosha." Ameni. Batai izvi zvakanaka, shamwari.

135 Zvemadhimoni zvawanda kwazvo, madhimoni achishanda mumweya yevanhu! Tarirai kuti inoberekera kupi michero yawo. Tarirai kuti imhandoi yehupenyu unoraramwa nemunhu. Onai maitiro avari kuita, tarirai maitiro avanoita, onai kuti zvinangwa zvavo ndezvipi. Hazvingogonekiwo . . . Uye kana ndikakuudzai kuti, "Nzira bedzi . . . Hepanoi pagere motokari, dzakanyatsomiswa mumutsara pano. Denga riri kuCharlestown. Haukwanise kufamba. Nzira chete yaungaende nayo, imotokari. Uye munhu wese anodarika mutsara anofanira kuunza magarani mashanu epeturu." Heino motokari yake iyi, asi kana asina peturu haakwanise kuifambisa. Saka, ndizvo zvakafanana, chaizvoizvo nezvazvakaita Kudenga. Kana ukafa usina Mwari, hazvina basa kuti wakararama seyi uye kuti imotokari ngani dzawakagadzira, kana rudo rwaMwari rwusipo kuti rwukudhodzere muHumambo hwaMwari, wakarasika.

136 Pane magetsi anodzoka nemagetsi anoenda. Hazvina basa kuti magetsi anoenda aya ari kufamba zvakadini pano, kana pasina waya inobairirwa muvhu, harife rakabaka. Ndizvozvo chaizvo. Unofanira kunge wakadzika midzi, wakadzikwa murudo rwaMwari. O, hama! Unza magetsi anodzoka nemagetsi anoenda pamwe chete, uchava neChiedza,

Chiedza cheEvhangeri chakare chakanaka. Rega Chipararire kubva kumahombekombe kunosvika kumahombekombe. Haukwanise kuve Nacho usina izvozvo. Hazvina basa nehuwandu hwekuzunguzika nekusvetuka kwaunogona kuita kana une magetsi anoenda, unofanirwa kunge une waya yemuvhu kuti chiedza chipenye. Ameni.

137 Makambocherechedza here? Mukaisa waya yemuvhu pano pane izvi, zvinhu zvose zvinodzokera kuno kune gwenya remagetsi, kudzika pasi muvhu. Zvino nguva yose munhu paanodzika midzi uye akadzika muShoko raMwari, zvinoisa midzi uye zvomudzikisa muKarivhari, uko, iyo hoko, mbambo yaMwari yakaunzwa ipapo, kuti ipenyese Chiedza cheEvhangeri. Ameni.

138 Munoziva kuti dambudziko racho chii? Vanhu vari mudzimba huru idzi dzezvitunha dzetsika dzinotonhora dziri kunze kuno, vachiedzesera kunge vari kuparidza Evhangeri. Mumwe muparidzi muduku akauya kwandiri nezuro, inhengo yerimwe remasangano makurusa aripo panyika nhasi, tisingaverengere Katorike. Akati, "Hama Branham, ini ndafinhikana pamwe nokuneta." Akati, "Vari kuda kuti isu tose vaparidzi tipfeke magemenzi uye topindurudza makora edu, uye—uye toparidza zvimwe zvinhu. Uye vachatiudza zvokuparidza zvacho, pamwedzi mitatu yoga-yoga." Iye akati, "Ini handichatombozvifariri zvachose." Iye akati, "Zvino ndoita seyi? Ndotanga here kuparidza Evhangeri?"

139 Ini ndakati, "Hama, chero bedzi mungori musangano iroro, riremekedzei. Unotongotaura zvavanoda. Asi fambai muende kune mukuru wenyu kana mukuru wenyu wedunhu, uye moti, 'Changamire, ini ndakaberekwa patsva neMweya waMwari. Herino Shoko raMwari. Kana mukanditendera kuparidza Iroro, ini ndichagara muchechi menyu. Kana mukasadaro, ini ndaenda. Chiipai henyu kune mumwewo munhu.'" Ndiyo nzira yokuzviita nayo. Usati pamunhondo pamusasa. Usaite zvinopesana. Buda pachena wotaura sezvazviri. Ndizvozvo.

140 Iye akati, "Hama Branham, munofunga kuti ndingazove neungano?"

141 Ini ndikati, "Apo pane Mutumbi, Zvapungu zvinoungana." Ndizvozvo chaizvo, zvinotevera.

142 Somumwe murume, imwe nguva, akachochonya huku. Zvino, harisi dambe. Handizvitaure sedambe. Ndine zvandinoda kuti ndisimbise. Iye aida kuti huku yake irindire, zvino akange asina mazai akakwana. Zvino akaisa zai redhadha pasi peimwe. Saka ose paakachochonya, dhadha rairatidzika kuve chinhu chinosetsa kwazvo chisati chamboonekwa nehuku. Saka huku payaidaidza hukwana zvino tuhukwana tudiki twaibva twauya, asi dhadha rakanga risingazive mutauro uyu. Asi, rimwe zuva, huku yakare iyi yakadzitungamirira kuenda seri kwedanga.

Paive nekarukova zasi kuseri kwedanga. Zvino kadhadha aka pakakanzwa munhuwi wemvura, kakabva kamhanyira kumvura nesimba rako rese. Zvino huku yakare iyi ndokuti, "kukuku, kukuku, kukuku." Zvino kadhadha kaduku ndokuti, "honku, honku, honku." Kakange kakananga kumvura. Sei? Rakange riri dhadha, pamasikirwo. Parakangonhuwidza mvura, hama, harina kukwanisa kugara kure nayo, nokuti raive dhadha.

143 Uye ndinoti nhasi, chero munhu wese anonyatsoda kutsvaga Mwari, havasiye chechi ichivaudza zvinhu zvavasingakwanise ivo kurarama, *izvo* kana *zvimwewo*. Kana une hunhu hwaMwari mauri, unoenda kuhutsvene. Unoenda kune zvinhu zvakanaka. Unomira nezvinhu zvakanaka. Unoita zvinhu zvakanaka. Unofunga zvinhu zvakanaka. Unorarama zvakanaka. Kana uri dhadha, unofarira mvura. Kana uri Mukristu, unofarira Kristu. Kana uri dhiyabhore, unofarirawo zvinhu zvadhiyabhore. Kana uri gora, unodya zvinhu zvakafa. Kana uri nguruve, unodya manyowa. Uripi iwe nhasi? Zvakanaka. Uri kuzviti uri kumusoro kuno, uchidya zvinhu zvaIshe, zvino wodzika pasi uchinopembera nadhiyabhore. Pane chakatsveyama nazvo. Rega kuteerera kune mweya iyi; anongori madhimoni. Hazvina basa kana zvichireva kuti umire woga. Varume nevakadzi vakambove chimwe chinhu, potse, vakange vari varume nevakadzi vakamira vari voga naMwari.

144 Tarisai kuna Mikaya, kuti akamira sei ipapo; kwete sedombo reGibraltar, asi seDombo reMazera. Iye akati, "Hapana chandinombotaura . . . Handina basa kuti seminari inotii. Hazvina basa kuti ungano yangu inoti kudii. Handina basa kuti mambo anotaura kutii. Kana vakadimura musoro wangu, ini ndichangotaura zvinenge zvaiswa mumuromo mangu naMwari kuti nditaure." Akange ari pachokwadi. Akange ari pachokwadi.

145 Zvino nhasi, varume nevakadzi, musateerera kune zvamakagadzirirwa nenyika, izvo zvainokutsveterai nazvo, kuti vane mushonga wekudzivirira hutachiona wakadii, uye voti, "Kana mukajoinha chechi, zvamuchave zvinenge zvakanaka." Uku kudzivirirwa kwechirwere kwenhema. Sei? Uchine chirwere chechivi. Ndizvozvo chaizvo. Asi ndinokuudzai chinhu chimwe chete, hama, icho chinokudzivirira kubva kuchivi, ndechekuti, huya kune Ropa rakakosha raIshe Jesu Kristu zvino wozadzwa neMweya Mutsvene, zvino izvozvo ndizvo zvinokudzivirira kubva kuchivi chose, uye zvishuwo zvako zvinenge zvanangana neDenga, zvino unenge usisina nguva yezvinhu zvemunyika.

Ngatinamatei.

146 Baba vedu voKudenga, kana tichiona mweya inonyengera iri pamusoro pevanhu, uye tichiziva kuti iri kushora zvinhu zvaMwari, ini ndinonamata, Mwari, kuti iMi mubate murume nemudzimai wese ari pano nhasi. Iri ngarive zuva, Ishe,

ravachazoziva kuti hupenyu hwavo hauzi kuenderana neShoko. Uye kuti vange vachiteerera kuchinhu chisicho, kuti dhiyabhore anga achivapfurira pasi nemamagazini akare eTrue Story, tsvina dzakare dzakaora dzenyika, uye nemabhaisikopo akare pamwe neterevhizheni ine tsvina. O Mwari, zvinhu zvisingaite kuti Mukristu azvitarise! Mwari, zvinoita kuti tirware. Imi makati zvakakuitai kuti Murware, kuda kurutsa. Makati, "Imbwa inodzokera kumarutsi ayo, uye ho—uye hochi kumatope ayo." Imbwa yakura inorutsa chimwe chinhu. Munoona munhu wakare akazvarwa muchidimbu, tomboti, anonyengera ouya kuartari, sekunge uri kuda kurutsa nyika; asi achienderera mberi akadaro, obva anyatsodzoka zvino odya chinhu chiye zvakare. O Mwari, chenesai Imba yeNyu, Ishe. Hareruya! Tumai Mweya Mutsvene uine kupomera kwenguva dzekare kunochenesa kuravira kwemunhu uye nokusuka munhu wake wemukati, uye momugezesa zvino mobva mamuita chisikwa chiri kuenda Kudenga. Mupei iye. . . Vandudzai hujaya hwake uye nemhiko dzake sechapungu, kuti akwire kumusoro uye opfuurira zvinhu zvenyika ino, obhururukira kuMatenga kure uko kwaanogona kuona matambudziko achiuya achiri kure. Zviitei, Ishe.

147 Makafananidza vaporofita veNyu kwazviri, kuzvapungu, uyo akange ane ziso rechapungu, aigona kuenda kumusoro-soro zvino oona zvinhu nguva refu zvisati zvasvikako. O Mwari, ropafadzai kereke duku iyi. Ropafadzai vanhu ava vanouya pano. Ropafadzai vayeni vari pakati pedu nhasi. Uye vaitei kuti vazive kuti Mharidzo iyi yanga isina kunangana nemumwe munhu, asi yakanangana kunyanya, Ishe, kune avo vane zvikumbiro zvakadzika; tichiziva kuti rimwe remazuva tinofanira kumira pamwe chete mukutongwa naMwari, uye tichiziva kuti tichadairira pamusoro pekuziva Chokwadi asi tisingaChitaure. Baba, ndinonamata kuti Zvitorwe pamoyo wese. NemuZita raJesu.

148 Misoro yedu yakakotama kwekanguvana, handizivi kuti pano pane munhu here mwangwanani ano angati, "Hama Branham, ndafinhikana pamwe nokuneta nezvinhu zvidiki zvakare izvi. Ndine tunhu tuduku twakarembera pandiri kwenguva refu. Ndi—ndinongogara ndichitaura zvisizvo. Ndi—ndiri kuita zvinhu zvandisingafanire kuita, uye ndinozviziva. Hazvifanirwe kuitwa noMukristu. Ini handidi kuzviita izvi; Mwari vanozviziva kuti handidi. Uye handidi kuteerera kune mweya uya wakare zvachose. Ndicho chinhu chakandidzikisira pasi hupenyu hwangu hwose, kuti ndive nerudo rwechokwadi uye nokusununguka muna Kristu. Ndinoda kuti mundinamatirewo, Hama Branham, kuti undi—undisiye nhasi uno." Ungasimudza here ruoko rwako? Musoro wese wakakotamiswa. Mwari vakuropafadzei. O, ini zvangu, madhazeni emaoko! Twunhu tuduku twusina maturo, twunhu

twakare tuduku tunoita kuti utaure kana kutanga kamwe kakunetsana kaduku muchechi, tunoita kuti utore divi nezvimwewo zvakangoda kudaro. O, hazvina humwari. Izvozvo inyonganiso pakati pehama. Uye usaite izvozvo. Iwe hauzvidi izvozvo. Iwe hauzvidi izvozvo uye netwunhu tuduku twakare, tuhasha twakare uye nezvimwe zvose, kuti zvikutsimbirire pasi.

149 Iti, "Mwari, handichadi chinhu ichi zvakare. Ndafinhikana pamwe nokuneta nazvo. Ndagadzirira nhasi kuzvirasa. Ini ndave kuuya zvino, Ishe, uye ndinoda kubva pane hundini hwangu hwose. Kana hama yangu ikasandibata zvakanaka, ini ndichamunamatira zvakadaro. Kana baba vangu vakasandibata zvakanaka, ini ndichangovada zvakadaro. Kana mudzimai wangu akasandibata zvakanaka, kana murume wangu, ini ndichangoenda, ndakazvininipisa, pamberi paMwari. Ishe, ini ndatarisa chete kuHumambo hweNyu. Ndinoda kuti pfungwa dzangu dzinge dzakaswatanuka. Ndinoda kuti moyo wangu uzare nemufaro. Ndinoda kuti ndiende, kana nhamo yoririma yakanditenderedza, ini ndinoda kuramba ndakasumudza maoko angu mudenga uye nemoyo wangu wakachena pamberi peNyu, Ishe, ndichiziva izvi, kuti rimwe remazuva ndichasangana neMi. Ndinoda mhando yechiitiko chakadaro. Ishe, ndiitei izvozvo, kubvira nhasi uno."

150 Ungasimudze ruoko rwako here, mumwe munhu asina kusimudza ruoko rwake nguva yapfuura. Mwari akuropafadzei. Mwari akuropafadzei. Hanzvadzi, tipei karusambo kaduku apo misoro yedu yakakotama. Unonyatsorevesa zvakadii? Rega kutamba zvino. Ino haizi nguva yokutamba. Ino inguva yokugamuchira. Iyi ndiyo nguva yaunofanirwa kuti uUgamuchire. Huya, rasira kunze iko zvino. Uchadaro here? Huya, ipa zvose zvaunazvo kuna Mwari. Iti, "Mwari, ini handina zvakawanda. Ndingori kamudzimai kaduku kemumba. Handigone kuita zvakawanda, Ishe, asi ndi—ndinogona kuverenga Bhaibheri reNyu, ndinogona kunamata mazuva ose. Ndinogona kurasira panze marara ose ari mupfungwa dzangu. Ndinogona kurasira zvese izvi kunze. Ndine mhosva yezvinhu zvakawanda zvataurwa nemuparidzi mangwanani ano, saka ndi—ndiri kurasira zvose kunze nhasi. Ini handichazvida. Mwari, ndizadzei nerudo. Ndizadzei nechinhu chinoita kuti ndide muvengi wangu akaipisisa wandinaye. Ini ndiri kunyatsochida, Ishe."

151 Apo hanzvadzi ichiridza pano, haungauyawo here iko zvino womira paartari kwekanguvana, apo tichiungana neshoko remunamato. Kana uchinyatsorevesa zvino, kana wanyatsogadzirira kuzvisiya izvi, haumbofa wakabva paartari pano nhasi uchiinazvo mumoyo mako, kana ukauya wakaperera. Zvino woti, "Ndiri kuuya kuno kuti ndingomira, kwekanguvana, Hama Branham, hongu, apo munenge muchiva neshoko remunamato neni, dungamunhu." Ndi—ndinoda kuti uuye,

unamate. Ungauyewo here zvino? Misoro yenyu yakakotamiswa, ndiani achasimuka ouya kuartari, kumira makatenderedza artari?

Musandipfuure, O Muponesi munyoro,
Inzwai kuchema kwangu kwakaninipa;
Apo vamwe Muri kudana,
O, musandipfuure.

Muponesi, Muponesi,
Inzwai kuchema kwangu kwakaninipa;
Apo vamwe Muri kudana,
O, musandipfuure.

152 Hazvina basa kuti wave Mukristu kwenguva yakadii, uye uchine tumweya twakare tuduku tunotaura newe, tunokuita kuti upopote, tunokuita kuti utaure pamusoro pemumwe munhu. Kana mumwe munhu akauya otaura pamusoro pemumwe munhu, iwe unobatirana navo uye, o, wobva wavarima. Izvozvo zvakaipa, hama. Usadaro. Izvozvo pakupedzisira zvinozokutadzisa kupinda muNyika yechipikirwa. Kana une twunhu twakare twausingafanirwe kunge unatwo, kana rudo rwaMwari rwusiri mumoyo mako zvemazvirokwazvo, haukwanise here kuita mudzimai kwaye kana murume kwaye, wouya kuno zvino woti, "Mwari, ipo pano ndave kutorasa izvi kunze, mangwanani ano, ipo pano chaipo. Ndiri kubva paartari pano ndave munhu akashandurwa." Ungauyawo here?

153 Pane mutadzi here asati ambogamuchira Jesu, uye unoziva kuti uri mutadzi, uye haumuzivi iYe soMuponesi wako? Iwe unoti, "Hama Branham, hongu, ndaifunga kuti ndaive nemafaro akawanda. Ndinoenda kumadhanzi nemapati nezvimwe zvinhu zvose izvo. Ndinotarisa mhando yemifananidzo yakatsveyama. Uye ndi—ndinorava zvinyorwa zvakashata. Ndinorava mabhuku akare ane nyaya dzine zvinyadzo maari. Ini ndinofarira kuaverenga." Hama, pane chakatsveyama newe. Ndiyo havi yako; unoona, ndirege ndione zvinoverengwa nemunhu, ndirege ndione zvaanotarira, ndoteerera mumhanzi waanoteerera.

154 Rimwe zuva, ndichiuya ndiri mumotokari, mumwe munhu akasveverera ndokubatidza redhiyo yangu, pane mumwe mumhanzi wakare usina hunhu. Ini ndikati, "Dzima chinhu icho. Handidi kunzwa zvakadaro." Mumwe mumhanzi wakare weboogie-woogie.

Akati, "Seyi, ini ndinoda kunzwa idzodzo."

Ini ndikati, "Hunhu hwako hauna kunaka. Wakatsveyama."

155 Pandakanga ndiri kunze kuno, mazuva mashoma mushure maizvozvo, uko ndiri mujinga regomo kana kachikomo, ndichiraura, nemunhu iyeye. Shiri diki dzaingunoimba zvadzo. Tudhimba twaidaidzira. Twushiri twekare tumartingale twaibhururuka muchadenga, kana kuti nightingale, twuchiimba rumbidzo. Ndakadanidzira kumukomana uyu, ini ndikati,

"Tarira, mukomana, ndiwo mumhanzi wangu. Irege yakabatidzwa. Ndiyo redhiyo yangu. Mwari vanodzituma zasi kuti dzindiimbire kana ndiri pano. Zvinodzikamisa munhu wangu wemukati."

156 Zviri nani pane zvinhu zvose zvekupenga izvi, zvimajuke box zvichirira, zvichingoenderera, zvokuti hauchambokwanisa kudyira uri panzvimbo yeruzhinji. Kudya kwadhiyabhore. Imba yadhiyabhore, yakasvibiswa nechivi. Zvino imi makanamwa-namwa here kunze uko uye munozvifarira? Apo pavanoisa mari imomo mumabhokisi maduku akare, zvino zvinhu zvose zvakare zvine tsvina zvinobva zvauya, imi mofadzwa nazvo? Munonyadzisa imi. Uri munhu akadzokera shure. Uri kure naMwari. Iwe hauzive Mwari. Dai waiziva Mwari, mukuregererwa kwezvivi zvako, hawaimboteerera kune marara akadaro. Zvaizenge zvakafa kwauri. Iwe wai—waizorutsa nokuda kwazvo. Iwe hauzvidi. Kudya kwako kuri nani. Iwe unoda Mwari. Haugone here kuuya mangwanani ano, wopfugama pano neava vanoreurura mangwanani ano?

157 Hepano pane varume nevakadzi vakapfugama ipo pano, vanga vari Makristu kwemakore. Handizi kubvisa chikristu chavo. Asi zvandiri kuedza kuvaudza kuti dhiyabhore uya, ari kuvatambudza, ari kuvadzivisa kubva kuMufaro wakazara. Mweya Mutsvene Mufaro. Hama, ndinomuka ndakadhakwa, ndinoenda kunorara ndakadhakwa, ndinenge ndakadhakwa zuva rose, ndakadhakwa husiku hwose. O, ndinongo—ndinongoda ku. . . ndikaenda kunoraura, ini ndingori, "Musandipfuure, O Muponisi munyoro. Inzwai kuchema kwangu kwakaninipa." Ndikaenda kunovhima, uye ndichiimba rumbidzo dzaMwari. Ndiri kuparidza, ndi. . . kwose kwandinoenda. Iwe haudi here kuve saizvozvo? Wakazara neMweya Mutsvene, iWo unokutekenyedza. O, ini zvangu! Ukavanzwa vachiimba nziyo dzakare dzine tsvina, unogona kuimba ichi:

Ndiri kuenda kuNyika yechipikirwa,
Ndiri kuenda kuNyika yechipikirwa;
O ko ndiani achauya ogoenda neni?
Ndiri kuenda kuNyika yechipikirwa.

Ndiri kuenda kuNyika yechipikirwa,
Ndiri kuenda kuNyika yechipikirwa;
O ko ndiani achauya ogoenda neni?
Ndiri kuenda kuNyika yechipikirwa.

Ndichasvika rinhi kuzororo riya rakaropafadzwa,
Zvino ndove ndaropafadzwa nokusingaperi!
Ko ndichaona rinhi chiso chaBaba vangu,
Zvino pachipfuva chaVo ndozororа?

Ndiri kuenda kuNyika yechipikirwa,
Ndiri kuenda kuNyika yechipikirwa;
O ko ndiani achauya ogoenda neni?
Ndiri kuenda kuNyika yechipikirwa.

158 Haungauye here iwe, uendewo? Ini ndinorangarira apo pangaita mazana mashanu edu takamira uko apo pandaibhabhatidza zana nemakumi maviri, senguva ino yegore, zasi kuno kumahombekombe erwizi, apo Nyeredzi Yemangwanani iya huru yakauya ichipenya ichidzika parwizi. Hareruya! Inzwi richitaura kubva maIri, rikati, "Rimwe zuva uchaparadzira Evhangeri kune nyika dzose." Ko mukomana wepapurazi murombo, mudiki, asina chaanoziva aizozviita sei izvozvo? Nyasha dzaMwari! Ameni.

159 O, ko ndiyani achauya oenda? Kubvisa izvi, kuisa parutivi, chinhu chose chinorema iye zvino. Usaterere kune mweya inonyengera iyo. Huya, uteerere kuShoko raMwari, ZVANZI NAJEHOVHA! "Vakakomborerwa avo vane nzara pamwe nenyota yokururama, nokuti ivo vachazadzwa."

160 Ngatikotamisei misoro yedu zvino apo tiri kunamata pamwe chete neava vari paartari.

Vana vanodikanwa, ndinoda kuti murangarire, mangwanani ano, uri ipapo kuti uise parutivi zvinorema. Iwe uri ipapo kuti uise parutivi zvinorema zvese uye nechivi icho chinokunamatira zviri nyore. Pauro akati, muna vaHebheru, chitsauko 12.

> . . . tichiona kuti isu . . . *zvatakapoteredzwa negore* guru kwazvo *rezvapupu, ngatibvisei zvose* zvinorema, nechivi . . . chinongotinamatira zviri nyore, . . .
>
> Zvino *ndichataureiko zvimwe? nokuti . . . ndichapererwa nenguva . . . ndikataura zva*Gideoni, . . . zvaBharaki, *Bharaki, . . .* zva*Samusoni, . . .* zva*Jefta;* zva*Dhavhidhi . . .* zva*Samueri, nevaporofita:*
>
> *Avo vakakunda hushe nokutenda, vakaita zvakarurama, vakapihwa* chipikirwa, *vakadzivira* muromo weshumba,
>
> *Vakadzima simba remote, vakatiza munondo unopinza, vakasimbiswa pahutera,* uye *vakava . . . nesimba . . .* ndokudzinga vavengi . . .
>
> Uye *vakadzi vakapiwazve vakafa vavo vakamutswa . . .*
>
> Zvino *vamwe* vakagamuchira kutambudzwa, kusekwa zvine utsinye *uye nokurohwa, . . .* napamusoro pazvo, kudarika izvi, *vakasungwa nokuiswa mutorongo:*
>
> Ne—ne*vamwe* avo vakange vane miedzo . . . kusekwa . . . kurohwa . . .

. . .ava vose vakanga vapupurirwa zvakanaka kuburikidza *nokutenda,. . .*

Zvino *ava vose, vakanga vapupurirwa* zvakanaka kuburikidza *nokutenda, havana kuwana chipikirwa:*

Nokuti Mwari wakange atigadzirira chimwe chinhu chinopfuura nokunaka, kuti vasinesu *ivo varege kukwaniswa.*

Naizvozvo tichiona isu. . .zvatakakomberedzwa negore rezvapupu rakakura kudai, ngatibvisei zvose zvinorema, nechivi. . .chinotinamatira zviri nyore, kuti tigone kumhanya *nokutsungirira nhangemutange yatakaisirwa mberi kwedu,*

Tichitarira kuna Jesu muvambi nomukwanisi wokutenda kwedu; iye wakatsunga pamuchinjikwa nokuda kwemufaro wakaiswa pamberi pake, akashora kunyadziswa kwawo, uye. . .akandogara kurudyi rwechigaro choushe chaMwari.

161 Jesu, mumunamato waKe, akati, "Baba, iNi ndinozvichenesa pachaNgu." Jesu akava wakacheneswa, kuitira Chechi. Iye aigona kunge akatoroora, asi iYe haana kuzviita. Iye akave akacheneswa. Akati, "Vachenesei, Baba, kubudikidza neZvokwadi. Shoko reNyu iZvokwadi."

162 Zvino ngatiisei parutivi zvinorema zvese. Iwe une hasha? Une chimwe chinhu pauri, chinokuita kuti utaure pausingafanirwe kutaura? O Mwari! Chiise ipapo iko zvino. Chiise ipapo, tarisa Moto wepaartari uchidzika pasi uye wozvibvisa. Tarisa rudo rwaMwari rwuchichinanzva chichibva. Tarira hundini hwose huya hwakare, matauriro awanga uchiita kumudzimai wako, matauriro awanga uchiita kumurume wako, matauriro awanga uchiita kumuvakidzani wako, matauriro awanga uchiita pamusoro pevanhu vemuchechi, zviise paartari mangwanani ano, zvino Moto waMwari uchauya uchidzika wobva wachibvisa pakare ipapo, zvino rudo rwaMwari rwunozobvira panzvimbo pacho.

163 Une chirwere? Chiradzike paartari, woti, "Ishe, hechinoi ichi. Sikai mandiri mweya wakachena. Sikai mandiri simba rokupodza." Chiona zvinozoitwa naMwari. Mwari vanozviita mangwanani ano.

164 Baba vedu voKudenga, tinokotama Muhupo hweNyu, tichimiririra avo vari paartari. Itai kuti nyasha dzeNyu dzizorore pamusoro pomumwe nomumwe wavo, Baba. Zvino zvavave. . . Ishe, handigone kuti ndivaitire. Vanofanirwa kuzviita vari vega. Hapana munhu anogona kuvaitira. Vanofanira kuzviita ivo vega. Itai kuti mweya yavo iko zvino iti mavari, "O Mwari, hasha idzi, ndinodziisa pasi apa, Ishe. Handichadzinhonga zvakare. Hazvina basa kuti chii chinouya kana kuenda, ndichadzirega dzichibva, kubvira iye zvino zvichienda mberi. Rurimi rwangu

urwu rwange rwuchitora divi zviri nyore neboka remakuhwa, Ishe, ini ndiri kurwusiya pasi pano. Handife ndakarwunhonga zvakare. Chenesai rurimi rwangu, Ishe. Regai ndinzwe Ngirozi dzichiuya nemuno, sezvakaita Isaya paakati, 'Ndine miromo yakasviba. Nhamo kwandiri!'" Zvino Ngirozi yakauya, ikatora mbato, ndokuenda kuartari zvino ndokutora mazimbe eMoto, zvino ndokuriisa pamiromo yake ndokumuchenesa. Mwari, chenesai mutauri wose, mangwanani ano, uyo anotaura zvakaipa achidyara mbeu yenyonganiso. Zviitei, Ishe.

165 Zvirwere zvose zvakotama muchivakwa chino, vanhu vane zvirwere, tichiziva kuti iwo madhimoni, zvakare. Mwari, semuranda weNyu, ini ndinoatsiura, nemuZita raJesu. Dai abuda kubva mune munhu wese ari kurwara. Uye dai munhu wese asina kuchena, ane pfungwa dzisina kuchena, dzezvinonyadzisira, ruchiva, varume nevakadzi, zvakafanana, Mwari, zvibvisei kubva kwavari. Vese ava vari pano vari kuedza kusiya fodya, nekakunwa nevamwe pakutandara, netumapati tuduku, uye nezvinhu zveundini; Mwari, tekenyedzai moyo yavo neMweya Mutsvene nenzira yokuti zvinhu izvozvo hazvizova nechishuwo zvakare. Zvinoshaya nzvimbo; wakanyatsozadzwa neMweya Mutsvene, kubvira ipapo kuenda mberi.

166 Mwari, itai kuti chechi duku iyi ive gwenzi rinopfuta. Iitei kuti ive nzvimbo yeMweya Mutsvene, iitei kuti ive Moto unopfuta, kuti nyika itsaukirepo kuti ione kubwinya kwaMwari. Mwari, tangai nevanhu ava vashoma, vari mazana mashoma pano mangwanani ano. Zviitei, Ishe.

167 Chenesai moyo yese, muMethodisti wese, muBaptisti wese, muKatorike wese, muPresbyteriani wese, muPentekosti wese. Ishe, zvibvisei mumoyo mavo, uye regai vauye kwaMuri nhasi. Zviitei izvi, Baba. Ndinovakumikidza kwaMuri, uye ndinovaisa kwaMuri, nemuZita raJesu Kristu, kuti vacheneswe mweya yavo uye nokuvapodza mutumbi wavo. Ameni.

168 Ini handizive, paartari, wasiya mutoro wako here? Unonzwa here sokuti urere ipapo? Kana uchinzwa kuti urere ipapo, iwe chiva mutongi. Iwe ndiwe uri kunamata. Ini ndatoparidza. Iwe uri kunamata. Mutoro wako wausiya here ipapo, hama, hanzvadzi? Unokwanisa kunyatsousiya here ipapo? Kana uchikwanisa, simudza ruoko rwako, woti, "Hongu, Mwari, zvino ndinousiya pano. Kupesana kwangu, ndinokusiya pano paartari." Ko munoti kudini, zasi kunoperera artari pano, kurudyi kwangu, mudzimai? Unogona kuusiya here ipapo? Unogona kusiya mutoro wakare urere ipapo here? Itii, "Hongu, kutenda kwangu kunotarisa kwamuri iMi, iMi Gwayana reKarivhari." Apo tichichiimba pamwe chete zvino.

Kutenda kwangu kunotarisa kwaMuri,
Imi Gwayana reKarivhari,
O Muponesi woKudenga;

Zvino ndinzweiwo ndichinamata,
Bvisaiwo kupomerwa kwangu kwose,
O ndiitei kuti kubvira nhasi
Ndive weNyu zvachose!

169 Ngatimirei netsoka dzedu, tichinyatsoremekedza, munhu wese. Zvino nyatsotererai, munhu wese zvino. Pashaye ano buda achienda. Ingo . . . Shumiro haisati yapera. Ndinoda kuti mutore kakuyeresa kaduku aka, nakakuremekedza kaduku.

Apo muninga nhema dzeupenyu ndofamba,
Uye kusuwa kwakandimomotera,
Chivai iMi Mutungamiriri wangu;
Rairai rima rive chiedza,
Pukutaiwo misodzi yekusuwa ibve,
Uye ndiitei kuti kubvira nhasi
Ndive weNyu zvachose!

Usaimbire muvakidzani wako zvino. Vhara maziso ako, zvino ngatichiimbei zvishoma nezvishoma, apo patiri kusimudza maoko edu kuna Mwari.

Apo muninga nhema dzeupenyu ndofamba,
Uye kusuwa kwakandimomotera,
Chivai iMi Mutungamiriri wangu;
Rairai rima rive chiedza,
Pukutai misodzi yekusuwa ibve,
Kana kundirega ndichitetereka
Kubva padivi reNyu.

Ndina Baba vari mhiri uko,
Ndina Baba vari mhiri uko,
Ndina Baba vari mhiri uko,
Kune mamwe mahombekombe.

O, rimwe zuva rakajeka ndichaenda kunoVaona,
Rimwe zuva rakajeka ndichaenda kunoVaona,
Rimwe zuva rakajeka ndichaenda kunoVaona,
Kune mamwe mahombekombe.

O, zuva rakajeka iri rinogona kuve mangwana,
Zuva rakajeka iri rinogona kuve mangwana,
Zuva rakajeka iri rinogona kuve mangwana,
Kune mamwe mahombekombe.

170 Handizivi zvino, vangani vana baba vari kune imwe Nyika? Ngationei ruoko rwako. Vangani vana amai vari kune imwe Nyika? Ngationei ruoko rwako. Vangani vane Muponesi ari kune imwe Nyika? Ngationei ruoko rwako.

Ko hakuzove here kusangana kune mufaro!
Ko hakuzove here kusangana kune mufaro!
Ko hakuzove here kusangana kune mufaro!
Pamusoro pamwe . . .

171 Ini ndinoda kuti uite chimwe chinhu. Zvino apo patiri kuchiimba zvakare, ndinoda kuti ukwazisane maoko nemumwe munhu akamira pedyo newe, zvino woti, "Hama, hanzvadzi, ndinamatirewo, kuti ndigosangana newe kune imwe Nyika." Usazviite kunze kwekunge uchirevesa. Vangani vanoda kusangana mumwe nomumwe? Vangani vanoda kusangana nemunhu wese ari pano, Ikoko? Isu, chokwadi tinoda. Zvino ngatikwazisaneyi maoko mumwe nomumwe, zvino toti, "Ndinoda kusangana nemi, hama. Ndinoda kusangana nemi kune rimwe divi." Zvino tichiimba kuti, "Ndine Muponesi mhiri uko." Zvakanaka.

Ndine Muponesi mhiri uko,
Ndine Muponesi mhiri uko,
Ndine Muponesi mhiri uko,
Pane mamwe mahombekombe.

O, rimwe zuva rakajeka ndichaenda ndonoMuona,
Rimwe zuva rakajeka ndichaenda ndonoMuona,
Rimwe zuva rakajeka ndichaenda ndonoMuona,
Kune mamwe mahombekombe.

172 Izvi hazvikuite here kuti unzwe zvakanaka uye kwazvo? "Jesu, ndichengetei pedyo nemuchinjikwa."

Jesu, ndichengetei pedyo . . .
Pane tsime rakakosha,
Rakasununguka kuna vose, hova inopodza,
Inoerera kubva pane cheKarivhari chitu- . . .

Munhu wese simudza ruoko rwako zvino.

Mumuchinjikwa, mumuchinjikwa,
Ngakuve kubwinya kwangu narinhi;
Dakara mweya wangu wakabvutwa wawana
Zororo mhiri kwerwizi.

Mumuchinjikwa, mumuchinjikwa,
Ngakuve kubwinya kwangu narinhi;
Dakara mweya wangu wakabvutwa wawana
Zororo mhiri kwerwizi.

NdinoMuda, NdinoMuda
Nokuti ndiYe wakatanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
PaKarivhari.

Mwari ngavarumbidzwe!

173 Zvino muchinyararire ngatikotamisei misoro yedu. Nenzira yedu pachedu yakaisvonaka, ngatingoMurumbidzai nemaoko edu akasimuka mudenga, tichiti, "NdinoKutendai, Ishe, nokuponesa mweya wangu. NdinoKutendai, Ishe, nokundiita

akakwana. NdinoKutendai, Ishe, nezvose zvaMakaita, kundiunzira rudzikinuro runotapira, kuunza ruponeso rwepachena. NdinoKutendai, Ishe." TinoKupai chipiriso-chokutenda ichi. TinoKurumbidzai nokuti iMi makaisvonaka. Ndimi Hapa yemuMupata, Nyeredzi yeMangwanani, Ruva reSharoni, wacho Zvose-muna-Zvose. Ndimi Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene; uYo Akange aripo, Uyo Aripo, uye uYo Achazouya; Arufa mukuru, Omega. Ndimi Anoshamisa Wacho, iye Muchinda weRugare, Mudzi neBukira raDhavhidhi. Imi muri Zvose! Uye tinoKutendai, Ishe, nokuda kwezvose zvaMakaita. Tinokutendai nokuda kweShoko reNyu, nokuti iRo Chiedza munzira yedu. O, isu tinonamata, Ishe, kuti iMi muchatiita kuti tifambe muChiedza. Zviitei izvi, Baba. NemuZita raJesu Kristu. Ameni.

Zvakanakai. Zvino tichigara kwekanguvana. "Tichafamba muChiedza."

Tichafamba muChiedza, Chiedza chakaisvonakisa,
Huyai apo pane madonhwe edova retsitsi akajeka;
Avheneke akatipoteredza, nemasikati neusiku,
Jesu, Chiedza che. . .

174 Handei zvino, vatsvene, ngatichiimbei zvino!

Tichifamba muChiedza (kuchena, hutsvene), Chiedza chakaisvonakisa,
Huyai apo pane madonhwe edova retsitsi akajeka;
Avheneke akatipoteredza, nemasikati neusiku,
Jesu, Chiedza chenyika.

Huya, uMupupure saMambo wako,
Jesu, Chiedza chenyika;
Ipapo mabhero eDenga acharira,
Jesu, Chiedza chenyika.

Munhu wese!

Tichafamba muChiedza (Chiedza chenzira yangu), Chiedza chakanaka,
Huyai apo pane madonhwe edova retsitsi akajeka;
Avheneke akatipoteredza, nemasikati neusiku,
Jesu, Chiedza chenyika.

175 Izvi hazvikuite kuti unzwe zvakanaka here? Vangani vari kunzwa zvakanaka? Ingosimudza ruoko rwako iko zvino, woti, "Ndiri kunyatsonzwa zvakanaka kwazvo." Mweya Mutsvene wanyatsa kukukwesha kwazvo. Zvino isu (chii?) tichafamba muChiedza. Usateerere kune kana. . . Chii Chiedza? "Shoko Renyu iRambi." Saka zvino:

Tichafamba muChiedza, Chiedza chakanaka,
Chinouya apo pane madonwe edova retsitsi akajeka;
Avheneke akatipoteredza, nemasikati neusiku,
Jesu, Chiedza che . . .

176 Zvino, hazvisi zvinoshamisa here izvi? Zviri kuratidza kunge tiri kutadza kuvhara. Mweya Mutsvene wakangotibata! Hamuzi kunzwawo here kudaro? Kungonzwa kunge . . .?. . . Zviri kungoratidzika sekunge zviri kungobuda.

Evhangeri iri kujuja ropa,
Ropa revadzidzi avo vakafira Chokwadi,
Iyi Evhangeri yeMweya Mutsvene iri kujuja ropa.

Wokutanga kufira zano iri reMweya Mutsvene,
Aiva Johane Mubhabhatidzi, asi akafa zvake somunhu;
Zvino ndokuzouya Tenzi Jesu, vakaMuroverera,
Akaparidza kuti Mweya uchazoponesa vanhu kubva muchivi.

Pana Petro naPauro, naJohane mutsvene,
Vakapira hupenyu hwavo kuitira kuti Evhangeri iyi igopenya;
Vakasanganisa ropa ravo, sevaporofita vakare,
Kuti Shoko raMwari rechokwadi rigotaurwa zvakatendeka.

Zvino vakataka Stefano nematombo, akaparidza achipesana nechivi,
Akavashatirisa kwazvo, ivo ndokupwanyira musoro wake mukati;
Asi iye akafa ari muMweya, ndokuburitsa mweya,
Zvino ndokuenda kunobatana nevamwe, hondo iya inopa hupenyu.

Inoramba ichijuja ropa, hongu, Iri kujuja ropa,
Iyi Evhangeri yeMweya Mutsvene iri kujuja ropa,
Ropa revadzidzi avo vakafira Chokwadi,
Iyi Evhangeri yeMweya Mutsvene inoramba ichijuja ropa.

Teererai!

Pane mweya iri pasi peartari, iri kuchema, "Kusvikira rinhiko?"
Kuti Ishe varange avo vakaita zvakaipa;

Asi pachave nevamwe vakawanda vachapa ropa rehupenyu wavo
Nokuda kweEvhangeri yeMweya Mutsvene iyi nefashamu aYo matsvuku.

Inoramba ichijuja ropa, hallelujah, Iri kujuja ropa,

Ndinoda kuve mumwe wavo.

Evhangeri yeMweya Mutsvene, Iri kujuja ropa,
Ropa revadzidzi vakafira Chokwadi,
Iyi Vhangeri yeMweya Mutsvene iri kujuja ropa.

177 Ndinoda kuti ndichibva papurupiti. Ameni. O, zvinofadza seyi! Hama dzangu dzakapa ropa rehupenyu hwavo. Kuchange kune vamwe vakawanda vachaita zvimwe chetezvo. Musanetsekane. Zviri kuuya apo pachave nemangange munguva isipi. Iwe uchatopinda kana kubuda. Ivo vose vave kutozvibatanidza iko zvino neKanzuru yemaChechi, zvino vose vari kupinda. Vese vari kubatana pamwe chete.

Zvino pachave nevamwe vakawanda vachapa ropa rehupenyu hwavo,
Nokuda kweEvhangeri yeMweya Mutsvene iyi uye nemafashamu Ayo anochenesa.

Iri kujuja neropa, hongu, Iri kujuja neropa, (O, hareruya!)
Iyi Evhangeri yeMweya Mutsvene iri kujuja ropa,
Ropa revadzidzi vakafira Chokwadi,
Iyi Evhangeri yeMweya Mutsvene, Iri kujuja ropa.

178 Ini zvangu! Ndiri kunzwa kunge Kubvutwa kuri pamusoro pechechi. O, izvi zviri kungondiita kuti ndinzwe zvakanaka! Zvivi zvose zvave pasi peRopa. Munoona, Mweya Mutsvene unofarira Shoko. Mweya Mutsvene unodya paShoko, muri kuona. O, ini zvangu! Unouya wodzika pasi zvino wopinda pakati pevanhu, wochenesa zvivi zvavo, wobvisa zvirwere zvavo, wobvisa kunzwa kusafara kwavo kose. Zvino ndadhakwa, kunyatsodhakwa kwandinogona kuita, kudhakwa neMweya, rudo ruchibva mumoyo wangu. Hazvina basa kuti munhu akamboitei, zvaregererwa. Muvengi wako akaipisisa, zvose zvapera. Mumwe munhu akambotaura kana kureva chimwe chinhu, kana ini . . . saka, ini . . . zvinova zvose zvaenda, zvose zvasukwa zvino.

Zvino iRi kujuja neropa, hongu, iRi kujuja neropa,
Evhangeri yeMweya Mutsvene iri kujuja ropa,
Ropa revadzidzi vakafira Chokwadi,
Iyi Evhangeri yeMweya Mutsvene . . .

O, ini zvangu! Zvinofadza sei!

Inguva inofadza seyi kwauri,
Inguva inofadza seyi kwandiri;
Kana tose tikagadzirira kusangana naJesu Mambo wedu,
Ichava nguva inofadza seyi.

Inguva inofadza seyi kwauri,
Inguva inofadza seyi kwandiri;
Kana tose tikagadzirira kusangana naJesu Mambo wedu,
Ichava nguva inofadza seyi.

Munochida here? Munhu wese, handei!

O, inguva inofadza seyi kwauri,
Inguva inofadza seyi kwandiri;
Kana tose tikagadzirira kusangana naJesu Mambo wedu,
Ichava nguva inofadza seyi.

179 Ndiri kungonzwa kunge rumutsiriro rwakare rwuri muchechi. Hamuzi here? Kakusukwa kekare, kukweshwa zvose; nguva dzakanaka, dzakare dzinofadza. Hamuzi kunzwa zvakanaka here? O!

NdichaMurumbidza, NdichaMurumbidza,
Rumbidzai Gwayana rakaurairwa vatadzi.

Ngatirwuimbei zvino, munhu wese. Munorwuziva here? Ini ndinorwuziva. Huyai kuno; ndibatsirei kurwutungamira, Hama Neville. Zvino imi mose, pamwe chete zvino, tingosimudza maoko edu, chiimbei pamwe, iko zvino, iko zvino, kana muchikwanisa.

Rumbidzai Gwayana rakaurairwa vatadzi;
Mupei mbiri, imi vanhu vose,
Nokuti Ropa raKe rakasuka zvachose gwapa rose.

180 Zvino, munhu wese, handei!

NdichaMurumbidza, NdichaMurumbidza,
Rumbidzai Gwayana rakaurairwa vatadzi;
Mupei mbiri imi vanhu vose,
Nokuti ropa raKe rakasuka zvachose gwapa rose.

Ameni. Zvakaisvonaka izvi?

Guta jena separera,
Ndine musha mukuru, rudimbwa, pamwe nekorona;
Zvino ndakamirira, ndakatarira uye ndichinamatira,
Guta jena rakaonekwa naJohane richidzika pasi.

181 Ameni. Zvinofadza! O! Zvino ngatimirei netsoka dzedu, munhu wese. Ndinotarira kuti muri kunzwa zvakanaka. Rangarirai shumiro yemanheru. Zvino tinoda kuimba rwiyo rwedu rwekuonekedzana rwakanaka, rwakare.

PaZita raJesu tichigwadama,
Tichiwa tozvambarara patsoka Dzake,
Mambo wemadzimambo Kudenga tichaMugadza korona,
Kana rwendo rwedu rwapera.

Zvakanaka. Munhu wese zvino, pamwe chete. Zvakanaka.

PaZita raJesu tichigwadama,
Tichiwa tozvambarara patsoka Dzake,
Mambo wemadzimambo Kudenga tichaMugadza korona,
Kana rwendo rwedu rwapera.

Zita rakakosha (Zita rakakosha), O rinotapira sei! (O rinotapira sei!)
Tariro yenyika nemufaro weDenga;
Zita rakakosha (Zita rakakosha), O rinotapira sei! (O rinotapira sei!)
Tariro yenyika nemufaro weDenga.

182 Mangwanani anofadza sei! Inguva inofadza sei! Ngatikotamisei misoro yedu zvino kwekanguvana. Munhu wese ngaatarise akananga kuna Kristu zvino, Muponesi wako. Nenzira yakanyarara, ndinoda kuti iwe uMupe kutenda nokurumbidza. Woti, "Ishe, ini ndinoKutendai kwazvo nokuchenesa mweya wangu. Ini ndinoKutendai nezvose zvaMakandiitira. Regai Mweya weNyu uve pamusoro pangu zuva rese, Ishe. Nditungamirirei. Ndiratidzei gwara. Ndiropafadzeiwo." Mwari ngavape ropafadzo iroro kwauri, ndiwo munamato wangu.

Zvino apo takakotamisa misoro yedu, Hama Neville, tiparadzaniseiwo neshoko remunamato.

Mweya Inonyengera SHO55-0724

(Enticing Spirits)

Mharidzo Dzakatevedzana DzeZvemadhimoni

Mharidzo iyi naHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu neSvondo mangwanani, 24 Chikunguru, 1955, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2019 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

Voice Of God Recordings, Zimbabwe Office
8 St. Annes Road, Avondale, Harare, Zimbabwe

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org